

Milik Departemen P dan K
Tidak diperdagangkan
Untuk umum

Serat Partawigena

(Makutharama)

K.P.A. Kusumadiningrat



ektorat
ayaan

artemen Pendidikan dan Kebudayaan

299.227 KCS

**SERAT PARTAWIGENA
(MAKUTHARAMA)**

PERPUSTAKAAN
DIPENTAGAT TRAJENI
DITJANSAKOR DIJALURAR

PERPUSTAKAAN
DIT. TRAJENI DITJEN NEOP
DEPBUDPAR

NO. INV : 2172
PEKLEHAN :
TGL : 6-4-09
SANDI PUSTAKA :

PPS/Jw/5/82

Milik Dep. P dan K
Tidak diperdagangkan

SERAT PARTAWIGENA (MAKUTHARAMA)

Oleh:

K.P.A. Kusumadiningrat

Alih Aksara

S. Ilmi Albiladiyah, B.A.



Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
Proyek Penerbitan Buku Sastra Indonesia dan Daerah
Jakarta 1984

Diterbitkan oleh
Proyek Penerbitan Buku Bacaan dan Sastra
Indonesia dan Daerah
Hak pengarang dilindungi undang-undang

PERPUSTAKAAN DIT. SEJARAH & NILAI TRADISIONAL	
Nomor Induk	: 1057/1986
Tanggal terima	: 20-11-1985
Tanggal catat	: 14-1-1986
Beli/hadiah dari	: Pn. Pin. Bnd. for Ind & Daerah
Nomor buku	:
Kopi ke	: 1

KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalan karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalan sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahannya pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergalikan dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seiring dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta, 1984

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

DAFTAR ISI

	bhs JAWA	bhs INDONESIA
	kaca	halaman
1. Dhandhanggula	9	3
2. Sinom	23	18
3. Pangkur	31	26
4. Kinanthi	41	36
5. Maskumambang	54	49
6. Girisa	63	59
7. Durma	72	68
8. Asmarandana	86	82
9. Mijil	97	93
10. Dhandhanggula	104	100
11. Sinom	115	111
12. Gambuh	124	120
13. Pucung	129	126
14. Wirangrong	140	137
15. Megatruh	146	143
16. Jurudemung	154	151
17. Durma	161	158
18. Dhandhanggula	172	169

I. DHANDHANGGULA

1. Kang winahya sinawung ing tulis,
sinembadan rinengga ing tembang,
kang jinumbuh caritane,
mancapat aranipun,
iyasane jeng para wali,
lumrang praja narendra,
winuwuh winangun,
marma ingaranan tembang,
kanthi tembung kang winor ing tata krami,
tumanduk ing sasama.
2. Jeng pra wali karsa mratandani,
dumadining becik lawan ala,
silakrama panitike,
sila punika lungguh,
basa krama tembung kang becik,
ala ayuning janma,
wus katandha ngriku,
dene ingaran mancapat,
junumbuhken saking dumadining janmi,
tan liyan limang prakara.
3. Pangawasane ing rina myang wengi,
kang wus linakon para sujana,
tan sumimpang sapakone,
milanta sang Aprabu,
anindakken mering tata krami,
jejeg dhoyonging praja,
tan liyan saking iku,
nistha madya myang utama,

wus ginelar manungsa winenang milih,
lelakoning sarira.

4. Ngeman-eman ing ujar kang becik,
datan pegat nawang bahywaning liyan,
winawas prapteng batine,
dadi wruh iya dudu,
dudutaning dadi dumadi,
dimen widada dadya,
sujanma dibya nung,
nungku ing cipta kamulyan,
datan kengguh ing ala becik dinasih,
sinihan sinung suka.
5. Rantas kabeh tyase pra umeksi,
anjurungi ing satindakira,
dumadi becik pujine,
tumuwuh sungsun-sungsun,
wibawaning budi lestari,
lestarining winatak,
wataking rahayu,
hayu-hayu mitegesna,
datan pegat binakuhan dening budi,
nganthi rasaning sastra.
6. Arjaning liyan iku kang pinikir,
laku cidra myang laku tan arja,
kinawruhan satuntase,
tan kongsi rebut dhucung,
ing panyipta wus nora sisip,
tan kena sinusupun,
tan kena winengku,
amung nyarah lan sumarah,
rasaning liyan tinunggal rasaning kapti,
kadi pinet saraya.
7. Ya mangkono mungguh sujana di,
seje lawan wong kang dadi swara,

kumingsun bae ambege,
kang dadya ciptanipun,
wong utama lawan kang becik,
rumangsane wakira,
wus milu linuhur,
ujare tan parikrama,
trepsilane tan rinasa tan pinikir,
yeku regeding jagad.

8. Kumudu-kudu bisaa luwih,
angandelken kasugihanira,
anjalarana becike,
yen kenaa tinuku,
kamulyane tinuku dhuwit,
yen ndulu wong malarat,
gila mungut-mungut,
iku wong kena keparat,
pangrasane ing donya tan ana pati,
milanira mangkana.
9. Sumedyane mung becik pribadi,
tan rumangsa lamun kauripan,
ing manungsa saphadhane,
seje kang wus linuhung,
datan pegat awalang ati,
satindak ngarah-arrah,
mrih arjaning laku,
sabab iku wus karasa,
ala becik manungsa tarik-tinarik,
dumadi tan sangsara.
10. Mala sirna jrining tyas dumeling,
yen mangkono tan kalebon setan,
winawas temah kaciren,
kacurnan dadya wujud,
ing salaku-lakuning dhiri,

saulah kridhaning lyan,
winengku rinasuk,
manawa mrating'k a h samar,
ge rinasuk wekasan sulaya budi,
budi marang kasidan.

11. Dinugekken caritane tulis,
ingaranan Srat Partawigena,
mirip kina caritane,
miwah lelakonipun,
luluhuring karaton Jawi,
jawi iku jawata,
manungsa linuhung,
dene ingaranan buda,
akeh para manungsa kang alih budi,
budi iku tegesnya.
12. Ning alebu wetone wong becik,
marmanira duk jamaning Buda,
akeh tan kewran budine,
jinurung ing sakayun,
osiking tyas sadhela dadi,
warata sinatriya,
sakarsane wujud,
sedya ala nemu ala,
sedya becik datan wurung nemu becik,
katekan sanalika.
13. Ngrat tan keguh lelakoning dhiri,
lawan akeh para pinandhita,
kang limpat ing pamawase,
miwah waskitheng dunung,
nora dhompo pangrehing dhiri,
mulane para nata,
keh lulut neng gunung,
rumeksa tyas pinandhita,

kang supaya wimbuh kawiryaning nagri,
lumrang ing wadyabala.

14. Kang kinarya bubukaning tulis,
ingaranan nagari Ngastina,
duk ing wau caritane,
ingkang jumeneng ratu,
amurwani mulyaning nagri,
Bagawan Parasara,
trahing Sang Hvang Wisnu,
kumpul trah Sang Hyang Brahma,
kang minantu ing Wiratha sri Bupati,
sinung nagri Ngastina.
15. Garwa nama Dewi Durgandini,
apeputra Rahadyan Biyasa,
nulya pinegat garwane,
antuk Resi Sentanu,
diwasane Byasa gumanti,
nata mengku Ngastina,
kraton wimbuh agung,
karsa asesilih nama,
Prabu Kresna Dipayana wus mantesi,
punjul samaning raja.
16. Apuputra tetiga sang Aji,
kang winerda Arya Drastharata,
kalangkung bagus warnane,
nanging karsane dewa gung,
tingalira tan sinung uning,
nulya malih peputra,
jejuluk Dyan Pandhu,
Dewanata kang panengah,
tuhu bagus nanging tengeng jangga ngering,
myang bule sariranya.
17. Dene putra ingkang muragili,
sinung aran Dyan Yamawidura,

cacade ge jig padane,
nanging tuhu binagus,
wus karsane jawata luwih,
sadaya sinung cacad,
milanta sang Prabu,
tan pegat panyiptanira,
kang pininta tulusa karaton aji,
ywa kajegan liya trah.

18. Lami-lami jeng sri Narapati,
diwasane kang putra tetiga,
saya duhkita galihe,
tambah ing karsanipun,
kang ginadhang gumantya aji,
nuju sawiji dina,
winangsit dewa gung,
sang Nata kinon mandhita,
dene putra kang gumantya narapati,
Dyan Pandhu Dewanata.
19. Ari Soma sang Nata tinangkil,
pepek andher wadya ing Astina,
amiji para putrane,
pinaringan dhedhawuh,
ing karsanta sri Narapati,
amangun kapandhitan,
dumunung Ngretawu,
dene kang mengkoni praja,
Radyan Pandhu Dewanata wus utami,
sinaksen ing buwana.
20. Dyan Widura kinanthi mring wukir,
dene Radyan Arya Drastharata,
among praja pakartine,
mila sangsaya wimbuh,
wibawaning Ngastina nagri,
lami-lami sang Nata,

jatukrama antuk,
kekalih garwa narendra,
kang pangarsa nama Sang Dyah Dewi Kunthi,
atmajendra Mandura.

21. Tedhaking Bathara Rama yekti,
duk ngejawa ing praja Mandura,
Kunthiboja peparape,
dene garwa waruju,
apaparap Dyah Dewi Madrim,
boyongan denira prang,
lan satriya punjul,
jujulik Dyan Narasoma,
Dewi Madrim kadang wredane sayekti,
lan Bambang Narasoma.

22. Diwasane madeg narapati,
mengku wadya nagri ing Mandraka,
Prabu Salya peparape,
Drestharata ugi wus,
palakrama putri liruwih,
saking tanah ing manca,
nenggih garwanipun,
putrane Prabu Gendara,
apeparap Kusuma Dewi Gendari,
kadange Arya Suman.

23. Ajejuluk Kya Patih Sangkuni,
Drestharata tan lami peputra,
satus salapan putrane,
sadayo mijil jalu,
mung sajuga wuragil putri,
Dresilawati sang dyah,
ingkang sangang puluh,
sanga ingaran Kurawa,
pangarsane nama Arya Kurupati,
ulunaning Kurawa.

24. Sri narendra nututi sesiwi,
ingkang mijil saking garwa wreda,
katiga sami jalune,
ingkang sepuh jujuluk,
Puntadewa Yudhisthira ji,
panenggak Bratasena,
pamadyanireku,
nama Arya Dananjaya,
garwa anem pan wus patutan kekalih,
kembar amijil priya.
25. Inggang sepuh Nangkula kekasih,
kang waruju Rahadyan Sadewa,
dadya pandhawa cacaha,
nanging sang Prabu Pandhu,
tan menangi dewaseng siwi,
pinulung ing bathara,
kang gumantya prabu,
Sang Nararya Drastharata,
nora lawas sumusul rama mring wukir,
Kurupati gumantya.
26. Puntadewa sakadange sami,
suwita ring nata ing Wiratha,
melas asih lalakone,
diwasa antuk wahyu,
madeg ratu Ngamarta nagri,
kabawah ing Wiratha,
sakadange kumpul,
tan pegat panyiptanira,
bisa madeg ratu gung Ngastina nagri,
kratone ramanira.
27. Datan pegat pangudining batin,
tansah kulina sang pinandhita,
ing Retawu sesabane,
sedya ambeg rahayu,

budi santa asih sesami,
mila para jawata,
sihira kalangkung,
dennya mrih arjaning jagad,
pra pandhawa saekapraya ing kapti,
uripe kinawruhan.

28. Nora kaya kang gumantya aji,
ing Astina Prabu Suyudana,
murang ing urip kramane,
ambeg prawira digung,
sakadange tindak tan becik,
siya-siya sikara,
sesameng tumuwuh,
kang mangka sabdaning dewa,
wus pinasthi kang laku cidra kalindhih,
dening prang Bratayuda.
29. Cinarita Prabu kurupati,
lami dennya madeg naranata,
wus krama ntuk atmajane,
Sri Maha Salya prabu,
kang pamadya Dyah Banowati,
pinunjul warnanira,
widadari kasub,
wus kalih patutanira,
Dyan Lesmana Mandrakumara pangarsi,
arinira wanodya.
30. Apaparap Dyah Lesmanawati,
tuhu pinunjul suwarnanira,
sairib lawan ibune,
amung branyak myang ruruh,
langak-longok Dyah Banowati,
dhasar kadug wiraga,
sasolahe patut,
mangkana ing ari Soma,

Sri Narendra tinangkil madyeng sitinggil,
ingkang binatarata.

31. Lenggah dhampar gadhing sinoty di,
neng tengahing wisma baleretna,
lelamak kasur babute,,
ginarebeg dyah ayu,
kang ingaran badhaya srimpi,
angampil upacara,
kapraboning ratu,
alun-alun pagelaran,
jejel sagung kang nangkil para bupati,
miwah parekanira.
32. Datan dhompo denira angrakit,
ing sabawah-bawahe priyangga,
sineje-seje prabote,
tan liru enggonipun,
ingkang kuning amor ing kuning,
abang amor ing abang,
biru mor ing biru,
langking mring langking worira,
ingkang ijo mring ijo denira linggih,
abyor sapetak-petak.
33. Nora ana kang murang ing krami,
para wadya miwah sinatriya,
saking wus kena atine,
pinet sang mahaprabu,
sinembadan sotya mas manik,
dumadya marang praja,
numusi rahayu,
marma nagri kering kanan,
samyasuyut tan sarana pinet jurit,
kapencut pawong mitra.
34. Akeh lamun ginunggung ing tulis,
sapa ingkang caket denny lenggah,

Dhanyang Druna peparabe,
yeku pandhita punjul,
atmajendra ing Atasangin,
kekasih Kumbayana,
dene keringipun,
mantri muka ing Astina,
apeparap Rekyana Patih Sangkuni,
kang paman Sri Narendra.

35. Wonten malih arining narpati,
kang winerda Arya Drusasana,
ing kanan lan sakadange,
mangkana sang aprabu,
nuju ana sengkeling galih,
katon sumuk ing netya,
tumus ing tyas giyuh,
marma wadya kang sewaka,
dhedhep serep samya pasang ing tyas lungit,
amawas karseng nata.
36. Sapepake wadya kang anangkil,
wusing dangu raharjaning praja,
lan apa ing padatane,
ciptanira sang Prabu,
ingkang mbirat sengkeling galih,
pandhita Sukalima,
kang tinujeng kayun,
sang Pandhita pasang cipta,
wuninga yen ratune anandhang kingkin,
anyaket dennya lenggah.
37. Sang Pandhita matur ngarih-arih,
dhuh dewaji ri sang binathara,
den walehana dasihe,
aywa was-was ing kalbu,
lamun maksih pun bapa ngriki,
sakehing samar-samar,

wus samya katuhu,
nanging gusti winedharna,
kang supaya ywa tinandheng ardeng budi,
tumus praja tan arja.

38. Kaya mangkana Sri Narapati,
amirengken ature pandhita,
byar padhang prapteng batine,
wasana ngandika rum,
heh ta bapa sang Maharesi,
sayekti yektenira,
kang dadya tyasingsun,
wingi manira anendra,
asupena tinurunan jawata di,
sabdania mangkana.
39. Kaki prabu yen sira tan uning,
ana panengeraning jawata,
kang bakal karya tandhane,
sapa kang nganggo iku,
bakal madeg ratu salami,
turun-tumurun tumrah,
tan kaselan turun,
praptaa jaman kajaman,
tan kaselan turune kang nganggo ciri,
ing mengko wus minulya.
40. Neng pancaka Kutharungu wukir,
iya iku kang aran makutha,
Bathara Rama ageme,
tuhu Bathara Wisnu,
kang manukma Sri Dasarati,
marmane karya tandha,
ingkang nganggo iku,
yekti sinihan buwana,
saking sawab labete janma utami,
nadyan dewa kasoran.

41. Iku bapa kang dadi tyas mami,
duk samana sang Pandhita Druna,
uninga ing sabda rajeng,
njegreg tan bisa muwus,
sapandurat tan kena mosik,
labete wiku mulya,
sadhela kawengku,
supenane Sri Narendra,
wus karasa nanging sinamur ing wadi,
enget sang Dananjaya.
42. Denny setya prasetya ing batin,
mila sang pandhita Sukalima,
karya sandi paturane,
dhuh gustiku sang Prabu,
kang sinembah samining aji,
sampun sumelang ing tyas,
prakawis puniku,
rakanta Dipati Karna,
ingkang pantes binebahan angucali,
wecaning jro supena.
43. Sabab sami-saming narpati,
Nata Karna atmajaning dewa,
Bathara Surya wastane,
kadi-kadi tan luput,
pangupaya karsantaaji,
psthine wus karasa,
reh sami linuhung,
sang Nata alon ngandika,
heh ta paman patih metua ing jawi,
njujuga pagelaran.
44. Aturana kakang adipati
ing Awangga Narapati Karna,
angirida sabalane,
mungguh mring Sitiluhur,
tur sandika rekyana patih,

- sigra mring pagelaran,
pra Kurawa gugup,
mulat marang sang Apatya,
magelaran dinuta mring sang siniwi,
lumayu atut wuntat.
45. Mantri mukya wus prapta ing jawi,
panggih lawan Narapati Karna,
samyatundhuk sarawuhe,
Karna ngandika arum,
kadinagaren si paman Patih,
tumurun magelaran,
semuning tyas gugup,
dhuh paman karsa punapa,
lon ngandika anak kawula tinuding,
arinta Sri Narendra.
46. Jengandika ngendikan manginggil,
marang sitinggil binatarata,
anganthiya kaprabone,
Suryaputra lingnya rum,
inggih paman sandika mami,
heh ta bocah Ngawangga,
undhanga den gupuh,
ngrakit praboning aprang,
ing samangsa-mangsa ana karya iki,
kang pantes ywa kuciwa.
47. Bokmanawa kinarsan wak mami,
mangrurah ing praja kering kanan,
kang miranti ywa kasuwen,
sandika kang dhinawuh,
sang Dipati anukmeng galih,
dennyarsa wawan sabda,
lan ari sang prabu,
wus rampung apasang cipta,
maju langak-langak munggah ing Sitinggil,
angulah sinomira.

II. SINOM

1. Praptane Dipati Karna,
ingirit rekyana Patih,
tundhuk lawan sang Narendra,
neng ngarsa denira linggih,
sumeh semune wingit,
jatmika longok ning ruruh,
dhemes kaduk wiraga,
cingak sagung kang sumewa Sri Narendra.
2. Mangkana Sri Naranata,
pangandikanira aris,
dhuh kakang Dipati Karna,
kadangsun tuwa sayekti,
mugi ta mitulungi,
mring arinta gunganipun,
sapa yogyane baya,
dadi lalajering nagri,
tan liyan kakang adipati ing Awangga.
3. Narpati Karna lon turnya,
aywa mangkana sang Aji,
yen raka para Ngawangga,
tan watak gunganing kardi,
ing siyang miwah ratri,
kang dadya pangayun-ayun,
karsanta yayi nata,
kang dhumawuh marang dasin,
sedya kula karya telas ing prajarja.

4. Dhuh marmane Sri Narendra,
prasajaa marang dasih,
sang Nata aris ngandika,
kakang arinta winisik,
ing dewa kang linuwih,
kinen ngulati wakingsun,
aran Makutharama,
ageme Sri Dasarati,
ratu agung binathara Duryapura.
5. Ujaring wangsit mangkana,
sapa ingkang ngangge pasthi,
luhur ing karatonira,
ngungkuli samining aji,
mangke dunungireki,
neng pancaka Kutharunggu,
ginadhuh ing pandhita,
punika purwaning runtik,
mugi kakang pinarenga angupaya.
6. Gumujeng Narpati Karna,
latah-latah turira ris,
dhuh prabuku tan kayaa,
kaliwat karya rudatin,
wewaha sewu kardi,
kang kadya karsa pukulun,
dereng mantra yen wegah,
sanadyan lumbeng geni,
tan gumingsir ing ayahan padukendra.
7. Ngandika Sri Duryudana,
kumembeng waspa dres mijil,
pegat-pegat ing wacana,
inggih kakang adipati,
sabdanta kang kawijil,
kalangkung panuwuningsun,
lan kakang akanthia,

ari Kurawa sapalih,
pangarsane pun paman ing Plasajenar.

8. Sasmita Narpati Karna,
lengser ing ngayunan aji,
tumurun mring pagelaran,
ari kurawa umiring,
sang Nata manjing puri,
ginrebeg para rum-arum,
praptaning dhatulaya,
pinapag ing prameswari,
datan dangu minggah ing sanggar pamujan.
9. Kang pininta jroning puja,
tan liyan mulyaning nagri,
tulus adeging narendra,
sanadyan tumekeng wuri,
terah-tumraha saking,
sri Bupati terahipun,
marmanta Sri Narendra,
nuhoni ujing wangsit,
mrih widada dumadining yogya tama.
10. Panjang yen ta winuwusa,
jroning puja sri bupati,
mangsuli caritanira,
kang samya arsa tinuding,
Suryaputra narpati,
praptaning jawi dhedhawuh,
lawan sang mantri mukya,
Dursasana lan para ri,
samya anut ing reh Sang Dipati Karna.
11. Budhal panganjuring wadya,
sakapraboning ajurit,
akeh wong kang samya cingak,
sapraptanira ing margi,
narka yen sri bupati,

arsa mangruruh praja gung,
temah wayang-wuyungan,
saguning kawula alit,
dadya samya lumayu ngupaya warta.

12. Wus ngambah jawining praja,
lampahe sang Adipati,
nurut marganing padesan,
laju manjing ing wanadri,
tan kandheg lumastari,
mung rereh nalikeng dalu,
enjingnya kebut budhal,
tan ngetang sayah ing dhiri,
kang cinipta karsane sri Naranata.
13. Wus meh prapta liyan praja,
nurut pinggiring pasisir,
kang gathuk tanah Hindhustan,
sumengka angraning wukir,
wau rekyana patih,
pirembagan ngaso neng gunung,
ngrakit kapraboning prang,
reh wus ngancik lihan nagri,
sang dipati nut aturing mantri mukya.
14. Dadya kandheg lampahira,
Kurawa anata baris,
neng pucak ardi Madherah,
anganam-anam ing kardi,
denirarsa ngulati,
mring pancaka Kutharunggu,
dununging pinandhita,
kang gadhah makutha aji
binathara wong agung Ramawijaya.
15. Sigeg gantya kawuwusa,
kang aneng sukuning wukir
ingaranan Duryapura,

telas prajaning narpati,
Ramawijaya nguni,
sapa kang rumeksa ngriku,
Bagawan Kapiwara,
ri sang Ramadayapati,
duk ing wau jujuluk Raden Anoman.

16. Mangkana sang Bayuputra
dennya neng sukuning wukir,
pakaryanira rumeksa,
pancaka sri narapati,
duk mekrat Dasarati,
neng pancaka Kutharunggu,
marmanta sang bagawan,
tan pegat dennya semadi,
kang cinipta ing driya ywa kasamaran.
17. Bisane angestu pada,
panuksmaning Dasarati,
mila ri sang pinandhita,
tansah pangudining batin,
sapa kang caket linggih,
ran Gajah Lakubandha,
lan Dirgayaksa kang peksi,
wurine sang Nagabasuki wastanya.
18. Nadyan kutu walangtaga,
keh suyut lawan sang resi,
sedyane angestu pada,
budi kang amrih dumadi,
milanta sang makawiku,
tan pegat paring wulang,
sakehing manguyu cantrik,
miwah bawarasa lan mitra titiga.
19. Sinambi dennya rumeksa,
mring Wiku Kesawasidhi,
kang dumunung neng pancaka,


ing Kutharunggu nastapi,
ywa kongsi karya sisip,
kamulyaning sang awiku,
marmanta sang Anoman,
kang ginunem siyang ratri,
parentahe sang wiku kang neng pancaka.

20. Kapiwara binubuhan,
karya baresih ing ati,
pakaryaning sang Degsaka,
ywa sulaya benceng pikir,
mring tyas sagung dumadi,
tinuruta lan jumurung,
dene sang Dirgayaksa,
binubuhan aja kongsi,
cipta kasor lan samining titah dewa.
21. Nanging tan kena sumengah,
siya-siya sat sasami,
iku kang memurung lampah,
dene bubuhaning esthi,
angayem angayomi,
mring tyas sadaya winengku,
mila sang Bayuputra,
sakadhang mitrane katri,
tansah minta lestarining tindakira.
22. Ing mangke lagya lenggahan,
aneng padhepokan asri,
kinubeng ring balekambang,
tinepi pinacak suji,
akik kinarya ruji,
jejer ujure binanjur,
banjeng binatur sela,
saselaning pancak suji,
jinembangan binancek sinungan sekar.

23. Kanan kering patamanan,
wowohannya nedheng ndadi,
abyoring kanang puspita,
kinupeng ing toya mili,
tinalang saking ardi,
anjog balekambang agung,
toya bening sumunar,
kathah yen ginancar tulis,
sang Bagawan Kapiwara lon ngandika.
24. Heh riningsun Lakubandha,
paran pangreksanta yayi,
mring laladan Duryapura,
apa ta padha basuki,
sang esthi turira ris,
dhuh kakang ingkang pangestu,
sadaya karaharjan,
saguning kawula alit,
sanya tentrem ing tyas tan ana kang murka.
25. Lagyeca imbal wacana,
kasaru gegering jawi,
cantrik manguyu jejanggan,
lumayu gyaning sang resi,
kagyat Andayapati,
pangandikanira arum,
heh cantrik ana apa,
sira teka ngarsa mami,
ambeganmu melar mingkus karenggosan.
26. Enggal matur kang sinabdan,
pukulun atur udani,
wonten sujalma lelampah,
sakapraboning ajurit,
tumurun saking wukir,
sedyo marang Kutharunggu,
lampahe gegancangan,

sumedhot Andayapati,
giyuh ing tyas sang wiku kang neng pancaka.

27. Winawas ing kawesenan,
karsane kang andon jurit,
labete Sang Kapiwara,
atmajaning bathara di,
sanalika dumeling,
sirna ing kawreyanipun,
terang padhang nerawang,
osiking sagung dumadi,
wus kadhadha karsane nata Ngastina.
28. Miwah ta utusanira,
wruh rupane siji-siji,
sang wiku eram tumingal,
kehing Kurawa kang baris,
nggarjita sang Maruti,
reh dudu panuksmeng Wisnu,
dadya lon angandika,
yayi balekna prajurit,
aja kongsi nemahi yuda kenaka.



III. PANGKUR

1. Kroda ri sang Dirgayaksa,
gya umesat andedel mring wiyati,
ngungkuli pucaking gunung,
sakala wus uninga,
mring unggyaning Kurawa ingkang lelaku,
lumarap niyup mangandhap,
anerak tengahing baris.
2. Kagyat dadya ing Astina,
mulat peksi kalangkung gengireki,
miwah sirahnya lir diyu,
wusana kagegeran
rebut dhucung palayune numbuk-numbuk,
dadya ngaturi wuninga,
marang pangagenging baris.
3. Kagyat Arya Dursasana,
mirsa lamun risak tataning baris,
marpeki gyannya jenthayu,
kapanggih yun-ayunan,
Dursasana tatanya heh sira manuk,
dene bisa karya kagyat,
mring wadya kang pacak baris.
4. Lah apa karyanta prapta,
aris mojar sang Dirgayaksa paksi,
yen sira tambah maringsun,
musthikaning garudha,
Dirgayaksa araningsun kang satuhu,

praptengsun kene dinuta,
mring kakang Andayapati.

5. Mbalekken ing lakunira,
nora kena mbacut munggah mring wukir,
kang aran ing Kutharunggu,
iku sangkeraning Hyang,
nora saben manungsa bisa lumebu,
sira iku arsa apa,
ge-age munggah mring wukir.
6. Dursasana sru ngandika,
aweh mbacut ingsun tan arsa bali,
tan wedi lan sira manuk,
rupamu lir barongan,
setun bathang papatute gaglaganmu,
kumejat sang Dirgayaksa,
heh manungsa lumuh urip.
7. Kebet sang Garudharaja,
kinarubut Kurawa anandangi,
jethayu ngegana muluk,
Kurawa ting jungkelang,
pasang tandang Dursasana kat gada wus,
sinamber saking gegana,
bilulungan meh ngemasi.
8. Kurawa gumrubyuk tandang,
sinamberan tan pegat wanti-wanti,
sadaya wus samya lumpuh,
kroda Narpati Karna,
nyangking langkap tumedhak gyaning jethayu,
sarywa ris pangandikanya,
heh manuk ywa salah kardi.
9. Sapa aranmu garudha,
dene bisa cara basaning jalmi,
lan ngendi sangkamu manuk,

den enggal sumingkira,
sigra niyup jethatu alon sumaur,
araningsun Dirgayaksa,
rumeksa karyaku iki.

10. Mring Kutharunggu pancaka,
nora kena manungsa arsa manjing,
marmanta lakumu iki,
prayogane balia,
Suryaputra kagyat andikanira sru,
heh iki manuk keparat,
andedel sang Kagapati.

11. Anamber saking gagana,
wanti-wanti kadya gelap sakethi,
Dipati Karna meh lumpuh,
kurdha musthi warastra,
wus ingemat kang aran Wijayandanu,
kagyat sang Palwagasetu,
mulat warastra linuwih.

12. Prayitna Bayutanaya,
wus lumepas warastra meh ngeneni,
mring jangganing sang jathayu,
sinambut Bayuputra,
gya binakta oncat marang Kutharunggu,
ari katiga tut wuntat,
sedya umatur sang Yogi.

13. Dene mulat hru utama,
mbok manawa kang darbe jemparing,
panuksmaning Sang Hyang Wisnu,
marma sang Kapiwara,
angoncati manawa tiwasing pupuh,
sedyanira minta jarwa,
kang darbe warastra luwih.

14. Dadya sinengka lampahnya,
sanalika prapta gyannya sang resi,
nenggih gantya kang winuwus,
narpati ing Awangga,
awas mulat jemparing binekta mumbul,
ngungun tyas Radeyaputra,
cabaring warastra sakti.
15. Puteking tyas sangsayarda,
tan panon rat gumuling tibeng siti,
kantaka sigra sinambaut,
neng pangkone sang patya,
marmanira kantaka ciptaning kalbu,
besuk yen prang Bratayuda,
Wijayadanu dera nis.
16. Kagyat sang Narpati Karna,
wungu lenggah sarwi angandika ris,
paman patih raganingsun,
kena sikuning dewa,
kyana patih ndheku alon aturipun,
aduh angger paran karsa,
amung cumadhong wak mami.
17. Punapa wangsul mring praja,
dhuh punapa anglajengaken kardi,
dhumateng ing Kutharunggu,
mesem Radeyaputra,
paman sampun karya ribeting tyasingsun,
sampeyan wangsul priyangga,
lan Kurawa marang nagri.
18. Kula ingkang nglajengena,
angupaya karsane yayi aji,
rekyana patih agupuh,
ngrangkul padaning putra,
sarwi matur dhuh angger ywa seling surup,

pun paman aminta dhawah,
sampun ginalih malangi.

19. Narpati Karna ngandika,
yèn pinasang paman ngaso rumiyin,
sirnaning Wijayadanu,
tan liyan dukaning dewa,
kula paman badhe mumuja neng gunung,
nyuwun aksamaning dewa,
paman asoa rumiyin.
20. Miwah yayi Drusasana,
sakadange karya tarub sami,
neng tlatah sukuning gunung,
kula manggen ing pucak,
tur sandika rekyana patih gya mundur,
ngundhangi wadya Ngastina,
karya tetarup ing wukir.
21. Sangking gunging wadyabala,
tan adangu tetarup wus miranti,
kang manggon sukuning gunung,
wus samekta kabeh tarup-tarup agung,
leren saung wadyabala,
miwah para senapati.
22. Bujana sadina-dina,
Kurawa kang aneng sukuning wukir,
saweneh ana kang nayub,
ana kang sesulingan,
ana ingkang kasukan angaben sawung,
dene Arya Drusasana,
kalenengan siyang ratri.
23. Binarung langen suwara,
Dyan Citraksi ingkang wignya bawani,
tibaning gendhing binarung,
sinambi num inuman,

- dene Raden Darmagati langnipun,
ngadu kecik saben dina,
nunggil para bau kuli.
24. Pondhoking rekyana patya,
selawatan terbangun saben ratri,
kaun ngulama atunggu,
suka dennyta terbangun,
sang patih angagem wel-uwelan sarung,
rasukan ka jubah seta,
pinarak ing para santri.
25. Lenggah ing kursi wangunan,
cecaosan neng bangku warni-warni,
wau kang neng pucak gunung,
narpati ing Awangga,
giyuh ing tyas mung wadyane ingkang tungguk,
angrucat kaprabonira,
ngagem caraning maharsi.
26. Mangkana ciptaning driya,
yun sirnaa neng sapucaking wukir,
mbelani Wijayadanu,
mila Narpati Karna,
mung nenedha aksamanireng dewa gung,
wahyuning kontamanira,
tan liyan kang sinedyeng ati.
27. Njegreg tan mawi ngandika,
siyang dalu tan dhahar datan guling,
mrih kabula ciptanipun,
lumrang ing jagad raya,
sumundhuling akasa trus bumi pitu,
labeting atmajeng dewa,
gara-gara geng ndhatengi.
28. Sindhung riwut haru-hara,
wreksa agung samya rungkat ing siti,

siti rug temah baledug,
prabata horeg obah,
sang dipati tan ewah denira lungguh,
tan dangu ana suwara,
angguwuh-uwuh wiyati.

29. Dhuh kaki age merata,
kasutapan welasa sining bumi,
tan antara gya tumurun,
Sang Hyang Bathara Surya,
kagyat mulat sang dipati gupuh ngraup,
ing pada Bathara Surya,
pukulun tur pangabekti.
30. Pun patik ngaturken tiwas,
ulun aprang lan peksi geng sawukir,
kawula meh prapteng lampus,
mila musthika warastra,
kang kinonta nenggih pun Wijayadanu,
lumepase tanpa daya,
musna neng madyaning jurit.
31. Punika sang Binathara,
ing kang karya susah ing tyas ngranuhi,
yen sirna Wijayadanu,
leheng sarenga sirna,
Sang Hyang Surya mesem angandika arum,
heh sutaningsun aywa sak,
musnaning warastra sekti.
32. Iku karyanireng dewa,
nanging kulup besuk sayekti mulih,
mengko durung mangsanipun,
mulyaning kuntanira,
marma kaki tutugna tapanireku,
neng gunung kene ywa lunga,
den banget aminta ragi.

33. Krana besuk Bratayuda,
sira kaki umadeg senapati,
nora gampang patrapipun,
rumeksa tyasing bala,
kudu bisa kawignyan agal alus,
kaprawiran kadigdayan,
iku ungasena kaki.
34. Kang supaya wadyanira,
kasawaban thukul suraning rati,
galak empane mring mungsuh,
dumadi tan kuciwa,
lan den kerep karya sukaning wadya gung,
arta boga myang busana,
karyanen sarana kaki.
35. Aja gung gora ing sabda,
mring prajurit miwah punggawa mantri,
iku gawe salah surup,
minihi tiwas ing prang,
lawan aja dhemen nantang marang mungsuh,
iku kaki tan prayoga,
gawe prayitnaning batin.
36. Lawan kulup sira aja,
duwe cipta ngendhah ratumu kaki,
iku musibating laku,
miwah sapatnira,
senapati aja sulaya ing rembug,
manawa minihi rusak,
marang gelaring ajurit.
37. Yen sira unggul ing aprang,
aja minta derajat miwah singih,
iku nistha temahipun,
mungguhing senapatnya,
yen wadyanta tumpes ing prang sira kulup,

- aja bot ing patinira,
nglabuhi rusaking nagri.
38. Sanadyan tumekeng tiwas,
sira mati aneng madyaning jurit,
iku pan wus wajibipun,
wong madeg senapatya,
wadya rusak senapati melu lampus,
iku kulup ywa suminggah,
ing pati pati patitis.
39. Nuwun sang Narpati Karna,
lawan maneh kaki yen ing ajurit,
wadyanta unggul prangipun,
ywa cipta saking sira,
rumangsaa barkah kuwasaning ratu,
miwah sihireng bathara,
iku tindak kang lestari.
40. Lestari iku tan pegat,
nadyan sira mati maksih lestari,
tumerah turun-tumurun,
labet tindak utama,
yen ing wadya utama ing tindakipun,
pintanen undhaking pangkat,
kathiken dimen lestari.
41. Yen wadyanta laku nistha,
elingena kang alus lan kang ririh,
wawasen ing purwanipun,
kang minihi kanisthan,
mbok manawa ana kakuranganipun,
yen sembada cukupana,
tan ilang wong gawe becik.
42. Ana ingkang luwih nistha,
sira aja karoban marang dasih,
miwah rehira sadarum,

ing arta myang busana,
pira bara kawignyan ywa kongsi kasub,
iku pepetenging praja,
sirna darajating batin.

43. Sabab sihiring punggawa,
kang ndarbeni amung sri narapati,
tan kena sira angaku,
nadyan janma sapraja,
wedi asih mring sira ywa lali kulup,
ujubna mring si narendra,
iku aja kongsi lali.
44. Nembah narpati Ngawangga,
mugi angsal pangestu di,
nglampahi dhawuh pukulun,
ngandika Sang Hyang Surya,
iku kulup pikiren sadurungipun,
aja katungkul kawiryan,
nganthia tindak utami.

IV. KINANTHI

1. Lah uwis karia kulup,
tuhunen pitutur mami,
ingsun mulih mring kahyangan,
menembah sang adipati,
mangkana Bathara Surya,
sakala musneng wiyati.
2. Nenggih gantya kang winuwus,
kang aneng Banoncinawi,
kusuma Wara Sumbadra,
kang lagya anandhang kingkin,
putri Cempala kang celak,
miwah Niken Rarasati.
3. Mban inya parekanipun,
tan tebih sumiweng ngarsi,
samyak suka dedongengan,
nawur wiyoganing gusti,
ana ingkang cecangkriman,
weneh dolanan cengguring.
4. Ana ingkang simbar suru,
para putri main cuki,
dhakon ingkang pinituwa,
akeh panyamuring dasih,
kang supaya gustinira,
ywa arda nandhang prihatin.
5. Weneh ana kang celathu,
tininggal lunga mring laki,

lawase kongsi taunan,
den anteni nuli mulih,
leh-olehe warna-warna,
sarwa endah sarwa peni.

6. Sapraptaning wismanipun,
dahat nggonira mbangun sih,
lir anggyaning pinangantyan,
kang lagi koneng saresmi,
kancane sumambung mojar,
iya mbakyu aku iki.
7. Bojoku mentas anglurug,
ndherek Raden Plangkawati,
ulihe kaliwat-liwat,
nggone kangen marang mami,
mbakyu aku nganti wegah,
mbok cekek tan kober ngising.
8. Rong dina senthong kubut,
glegas-glegese mring mami,
welas reh tininggal lawas,
ana kang trampil nauri,
lah pancene sira anak,
kaworan karem sathithik.
9. Akeh solah bawanipun,
denira anamur brangti,
nanging sang Wara Sumbadra,
sangsaya emeng ing galih,
salawasing garwanira,
murca praptaning samangkin.
10. Lathi tan menga sarambut,
kumembeng waspa dres mijil,
anglentrinh sariranira,
dene sang Wara Srikandhi,

karuna sadina-dina,
sasambatira sang dewi.

11. Dhuh dewa dhuh bathara gung,
kaniaya mring wak mami,
tininggal bojo wus lawas,
tunggu kang mbok tan arsa ngling,
nora kaya kangjeng paran,
tega temen marang dasih.
12. Mring ngendi nggone nggeluyung,
dene nora bisik-bisik,
pasthi bae kang kanggonan,
yen lanang ayem mring ati,
yen wong wadon pasthi beja,
kerop kambah sesing ati.
13. Dhasare jeng paran iku,
loma saregep paparing,
mulane ingkang kanggonan,
aras-arasen cumuwit,
yen durung tutug tyasira,
malah kukuh den gondheli.
14. Heh dhasar rada dikepruk,
kang kanggonan paran iki,
weuh temen wong tumitah,
yen bojo bagus kang warni,
atine pijer nir-niran,
yen bojo ala tan sudi.
15. Parekan njawil amuwus,
e kojur kang den pondhoki,
tombok kepruk samber gelap,
labete kangen ing laki,
e mindah uwis alawas,
moreg duka kontrang-kantring.

16. Kang jinawil lon sumaur,
ah kowe ki rada baring,
lah wong ndara kae gampang,
enthengan bab ing pawestri,
dhasar sang putri kasihan,
Srikandhi nyabda cig-anjing.
17. Akeh solah bawanipun,
parekan myang para putri,
mangkana Wara Sumbadra,
jumeneng kondur mring puri,
lampahe satindak tiba,
sapraptane tamansari.
18. Pamelengan kang jinujuk,
dene sang Wara Srikandhi,
maksih karuna neng jaba,
nembah Niken Rarasati,
sarwi alon aturira,
raden ayu kadi pundi.
19. Rakanta kusumaningrum,
wus kondur umanjing puri,
aywa katungku' karuna,
sumangga sami nututi,
kagyat sang putri Cempala,
mriksa turing Rarasati.
20. Enggal denira lumayu,
sumusul mring tamansari,
ngulati mring unggyanira,
kusuma Banoncinawi,
kepanggih neng pamelengan,
lagya amangun semadi.
21. Srikandi ajrih lumebu,
dadya rumeksa neng jawi,
lawan mban inya parekan,

miwah Niken Rarasati,
kusuma Wara Sumbadra,
kang aneng sajroning panti.

22. Nalikanira ing dalu,
sang retna mangsah semadi,
sirep mban inya parekan,
sadaya wus samya guling,
nadyan sang putri Cempala,
wus dangu denira guling.
23. Kukusing dupa kumelun,
ngeningken tyas sang retna di,
kawengku sagung jajahan,
nanging maksih den kikibi,
sang Resi Kanekaputra,
kang anjog saking wiyati.
24. Kagyat ri sang kapidangu,
rinangkul kinempit-kempit,
dhuh sang retnaning Banawa,
ya ki tukang walang ati,
ya ki tukang ngenes ing tyas,
ya ki tukang kudu agring.
25. Teka dadak milu-milu,
kaya budine wong ceplik,
lali yen kalengkan ing rat,
ing bawana amurwani,
musthikaning jagad raya,
dhemen lalen sanggarungi.
26. Sun iki ngembani wuwus,
dera Sang Hyang Udipati,
Bathara Suksma Kawekas,
sira nini den dhawuhi,
samurcaning garwanira,
ywa arda mudah ing batin.

27. Sayektine besuk timbul,
antuk kamulyaning urip,
marma nini angrucata,
aja kabacut prihatin,
yen ing sira nandhang susah,
jagad pasthi milu agring.
28. Nini den prasajeng kalbu,
ywa kikip mring jawata di,
mangkana Wara Sumbadra,
ngrucat tyas umatur aris,
pukulun yen kaparenga,
kula arsa ngupadosi.
29. Naradha ngadika arum,
iya nini sun lilani,
nanging reh sira wanodya,
karya sandeyaning laki,
sun salini rupa lanang,
lawan siliha kakasih.
30. Sintawaka bae patut,
tur sandika sang retna di,
Naradha mumujweng cipta,
tinurunan jawata di,
Sumbadra wus mindha priya,
warnane bagus awingit.
31. Netra masupati balut,
kang imba malengkung njait,
granane mbangir sembada,
lathine akaduk manis,
kumbala lempeng arata,
tepining kang lathi kengis.
32. Yen nuju mesem ngacemut,
ujunging waja kaeksi,
mung catur kang kinethikan,

sinorot arjaning budi,
tumanduk lyan leng-ulengan,
prakatine patang kethi.

33. Jenggane sembada manglung,
kang asta nggandhewa gadhing,
pranaja wijangan jembar,
lambung turut prapteng cethik,
dedeg pangadeg pidegsa,
pidegsa praptaning batin,
34. Dhasar winongwong dewa gung,
busana saking swarga di,
mila Bambang Sintawaka,
cahyane ambagapati,
kathah kalamun cinandra,
wus ling warnaning putri.
35. Hyang Naradha ngandika rum,
kulup ing marga den becik,
lawan sira jumuguga,
Duryapura pucak wukir,
rahadyan matur sandika,
Naradha musneng wiyati.
36. Tumedhak sang kapingrangu,
mijil saking tamansari,
ing jawi amangu mulat,
marang sang Wara Srikandhi,
kanggeg tyase sang kusuma,
mulat mring Ken Rarasati.
37. Dene tan winartan kayun,
ing wau sabaya-pati,
mangkana meh prapteng enjang,
barungan sata wana njrit,
kang pinicareng ngudyana,
binarung parenjak muni.

38. Kadya jumurung mrih laju,
ing karsa sang among wingit,
aywa kandheg ing panyipta,
kang bebawur cipta ening,
ya ta Bambang Sintawaka,
pinandeng padoning lungit.
39. Sakala sirnaning wujud,
umiyat kang miyatani,
enggal denny njumlahantara,
sigeg ing lampahireki,
mangkana ingkang tinilar,
kusuma Wara Srikandhi.
40. Pan ing wayah bangun esuk,
sawungune denny guling,
ingayap parekanira,
sedy manjing tamansari,
pamelengan unggyanira,
kusuma Banoncinawi.
41. Kagyat kusumaning ayu,
mulat wenganing kang kori,
den intip-intip ingungak,
sang rena datan kaeksi,
akanthi gummyur tyasira,
kamar binungkrahan sami.
42. Myang gedhong-gedhong sadarum,
binukakan den brak-abrik,
lan sakehing sumur kulah,
puteg sang putri Cempala,
anjrit kantaka ing siti.
43. Mban inya parekanipun,
miwah Niken Rarasati,
samy njrit karuna sambat,
dhuh gustiku menyang ngendi,

wus wungu putri Cempala,
sedya ngaturi udani.

44. Mring raka Ngamarta prabu,
Sri Maha Yudhistira ji,
musnaning Wara Sumbadra,
ing ratri tan ana uning,
ya ta sang putri Cempala,
enggal denira nimbali.
45. Mring kang putra Dyar. Bimanyu,
dhinawuhan atut wuri,
samektaa kang turangga,
mban inya lumayu ngenthir,
wau ta sang lir kusuma,
gya budhal anitih joli.
46. Nenggih gantya kang winuwus,
kang aneng Suwelagiri,
sang Bagawan Wibisana,
Ngalengka sri narapati,
ing mangke karsa mandhita,
amangun Suwelagiri.
47. Binabat kang wreksa agung,
rineka angirip-irip,
rerengganing Maliawan,
pratapan sang Dasarati,
kang nganggit kapi Anala,
palwaga Kiskendha nagri.
48. Asri busananing gunung,
dhepoke sang maharesi,
pinarsada jijidharan,
paripurna pinarigi,
angungkang talaga dibya,
toyanya sumilak wening.

49. Binotrawi angunguwung,
akik winengku cendhani,
wignyane sang dwijawara,
rengganing rararen alit,
marik kayu apu pita,
sapangandhap sapanginggiil.
50. Mengkap katrajang ing ranu,
nglingkap kakape kaeksi,
akik wungu kang kinarya,
sinunduk sinungan sentil,
pinuja kalawan cipta,
wignyane sang mahayogi.
51. Angubengi toyanipun,
ing dhepoke raren alit,
wutahe pan tinalangan,
akik dhadhu kang kinardi,
ngandhap sinungan gupala,
pinindha wanara Bali.
52. Jajar kalih gupala gung,
pra samya akik ingukir,
siji pinindha yaksendra,
ajeng-ajengan alinggih,
duk winulang pancasona,
lawan sang wanara Bali.
53. Toya njog ing baunipun,
amanggul kang talang akik,
baune kiwa sadaya,
dene bau kanan sarwi,
sadasa kang dadya andha,
malipir talang ing margi.
54. Tibaning toya sumawur,
sumamburat maratani,
kanan kering talagendah,

toyane datan lumaris,
liyane toya tinalang,
pan sadaya rinengga sri.

55. Papethatane mumuthut,
kembang-kembange ngubengi,
kayu anyang-angayangan
warana yom angayemi,
adas cara wus naratas,
katumbar ambabar pinggir.
56. Cabe cengkeh candhana rum,
papala kayu tegeri,
sari adas sida wayah,
manis kemukus masoyi,
kalembak lan kapulaga,
pucuk pacar amalilir.
57. Talanira lumut-lumut,
lambat-lambat tan alimit,
kala-kala kaliwatan,
yen sang wiku wira-wiri,
amilanglang kalangenan,
tan inggar sang maharesi.
58. Sinambungan roning sembung,
bolu kang balong balimbing,
ring kulon wunglon kinalan,
kalong kalung kolang kaling,
kali kikalen kalingan,
dhukut-dheket mulet teki.
59. Sesengkan pereng aparung,
parang rong miring kapering,
kakarangan arang-arang,
urung-urunge pringori,
asrang sinerang karangrang,
angrerewang urang garing.

60. Bayangan bayem ngrembuyung,
bor duren aren kuweni,
rawe-rawe ing rarawan,
kararengwang tahu turi,
karandhang lir ngandhang-ngandhang,
kadhondhong rendheng asandhing.
61. Bengak-benguk nganguk-anguk,
pecuk cagak nucuk cacing,
kacancang ing anjang-anjang,
jinunjung bajangan bajing,
jala rang milu angarang,
tinranggulang ing trenggiling.
62. Warak wuru ngawur-awur,
kang ngaweri kiwir-kiwir,
kuwur tawur nora tawar,
salur silar ting saluwir,
luwari loro kumelar,
kumalasar analisisir.
63. Anucuk kecaping pucung,
kacaruk carang kacepit,
cacap cucuke kacepat,
suwak-suwek ngiwik-ngiwik,
mangap kacangap srang-srangan,
sinusung ing walang sangit.
64. Rame bremara marang rum,
sumawar sekar saruni,
suri wungu weh wewengan,
tunjung bang kumambang timbing,
kambang-kambang aneng tambang,
kalingking kaya ngalingi.
65. Tarate oter kabentur,
bentar kentir intir-intir,
kentir ing toya antara,

Rara Moning Ngirim-irim,
kikiris riris karasan,
kadya raras tinon aris.

66. Wetan tangkile tumungkul,
nguleng kananga kemuning,
wali kedhep kedhap-kedhap,
anedheng kang randha kuning,
tinub ing simbar kababar,
kakajar kadya jajari.
67. Kidul kandel dhuwet dhuku,
jeruk jirak jambu lali,
jambe jajar bebanjaran,
enggone dhemping agamping,
roning suruh kadi sarah,
kumelar kelor ngalilir.
68. Kathah ta lamun winuwus,
renggane suwelagiri,
mangkana sang Wibisana,
sanget denira angantir,
suksmaning Bathara Rama,
weruha timbaling warih.

V. MASKUMAMBANG (69)

1. Marmanira sang pandhita mati ragi,
duk sawiji dinia,
winisik ing jawata di,
sang wiku kinon manuksma.
2. Mring kang putra bisa warna sri bupati,
supaya santosa,
jejeg srutamaning nagri,
widada salaminira.
3. Lestarine ing reh ri sang Dasarati,
ywa kaselan cara,
kang kaya nisthaning nagri,
nistha kekembangang rusak.
4. Duk semana sang wiku lagya amuji,
kang wadya raseksa,
kyana Patih Wisapati,
myang Tumenggung Wisabraja.
5. Lan Tumenggung Kalaranu ranireki,
lan Kaladahana,
lawan Ditya Wisabumi,
samyaya nayaka Singgela.
6. Ngirit sagung raseksa wadya lit-alit,
kehe limbang leksa,
kang sumewa aneng wukir,
ing ngarsa sang Wibisana.
7. Aris nabda sang wiku marang ki patih,
heh patih wruhanta,

ingsun winisik dewa di,
kinen rumeksa aldaka.

8. Ing Mahendra aja na kang wani ngancik,
ing mengko kinarsan,
sinengker ing bathara di,
marma patih wruhanira.
9. Sira ingsun pitaya dikaya iki,
lan sakancanira,
kabeh aja na kang kari,
nggawaa kapraboning prang.
10. Mbokmanawa ana manungsa kang wani,
munggah mring aldak
meksa tan kena pinenging,
iku patih rampungana.
11. Nadyan sira mateni tan nemu serik,
karsaning bathara,
iku lakunira patih,
poma aja sumambrana.
12. Tur sandika Kyana Patih Wisapati,
sarwi amit nembah,
pukulun sang mahayogi,
kang abdi kalilan mangkat,
13. Anglampahi baris mring Mahendra wukir,
amba lan sakanca,
tan liyan ingkang kapundhi,
pangestu sang dwijawara.
14. Lon ngandika sang Wiku Wibisana ji,
iya patih sira,
ingsun sangoni basuki,
lan sakabeh kancanira.


15. Enggal mundur Kyana Patih Wisapati,
lan wadya reksasa,
samekta kaprabon jurit,
budhal panganjuring wadya.
16. Anglur dulur amulur-alur ing margi,
kang punggawa ditya,
wus nambah tambah jeladri,
kan anjog wukir Mahendra.
17. Wus adate reksasa lamun lumaris,
tan bisa lon-lonan,
marma gancang denny prapti,
ing suku wukir Mahendra.
18. Kyana patih wus parentah andum karti,
pinara sakawan,
ngubengi sukuning wukir,
tepung gelang datan kurang.
19. Sinung tindhih bupatine siji-siji,
dene sang apatya,
ngubengi karsanireki,
tan pegat ing saben dina.
20. Amangsuli sang wiku Suwelagiri,
Prabu Wibisana,
angkating wadya raseksi,
tan lyan manungku ing cipta.
21. Para cantrik kang tansah caket ing ngarsi,
duk sawiji dina,
sang tapa lagya semadi,
ana swara kapiyarsa.
22. Nguwuh-uwuh mangkana swaraning wangsit,
heh ta Wibisana,
mung aksamanira yayi,
pun kakang prapta ngembara.

23. Sanalika sang wiku sampun dumeling,
mring kang darbe swara,
tan lyān kadange pribadi,
Sang Norarya Kumbakarna.
24. Emeng ing tyas reh durung wruh ingkang warni,
nyatane kadangnya,
amung swara kang kapyarsi,
enggal dennyā ngraga sukma.
25. Wus rinasa batine Sang Udipati,
sakala wus pirsā,
gupuh dennyā malajengi,
sumungkem padaning raka.
26. Lara-lara Gunawan denira nangis,
mangkana sambatnya,
dhuh kadanguk tuwa yekti,
paduka druha keng driya.
27. Dene nguni padha puruita becik,
tindak kang utama,
teka sirna tanpa dadi,
jer ngantepi ratu nistha.
28. Dhuh katura kakangmas ing sembah mami,
mangkana ngandika,
Kumbakarna wor ing tangis,
aduh ariningsun nyawa.
29. Duk ing nguni prang gedhe Ngallengka nagri,
yayi raganingwang,
yen aja rupa raseksi,
yekti anut kaya sira.
30. Giyuh ing tyas manawa ingsun tinampik,
mring Bathara Rama,
mendah isinku ta yayi,
nora wurung bali nistha.

31. Ing puwara nemu mangkene wak mami,
tan bisa tumanja,
kauripan ingsun yayi,
tan weruh kang dadi sabab.
32. Nisthanipun kangmas tan weruh ing becik,
sang Ramawijaya,
panuksmaning Wisnu yekti,
kakangmas teka apugal.
33. Malah narka mring amba tindak tan apik,
lah endi rupanya,
kang ngantepi marang nagri,
dene mati nora tanja.
34. Kumbakarna angrangkul mangsuli aris,
yayi jarwanana,
salahe pun kakang iki,
ing tindak catur prakara.
35. Wibisana matur nembah sarwi linggih,
yen ing catur tindak,
mungguh ing warna resik,
taksih kawoworan setan.
36. Tegesipun setan reka-reka putih,
kakangmas paduka,
nistha ginalih utami,
punika kang dadi salah.
37. Kang minihi mring kakangmas tanpa dadi,
tan bisa angalap,
becike sang Dasarati,
paduka ingkang den alap.
38. Marma lebur kehing ngurip tanpa dadi,
gesangipun kangmas,
den urip sang Ragusiwi,
mila kangmas seda kalap.

39. Kumbakarna saya sru denira nangis,
yayi jenengingwang,
paran waluyaning urip,
aja tanggung nggonmu tresna.
40. Gya angarsa sang Wiku Wibisana ji,
dhuh kakang paduka,
manjuga wentis kang kering,
sang Norarya Wrekudara.
41. Kang nyatria aneng ing Amarta nagri,
dumunung Pamenang,
poma kakang den patitis,
ing panyipta aywa lali.
42. Besuk ana prang gedhe ing tanah Jawi,
aran Bratayuda,
ing ngriku karyaa becik,
mring sang Arya Wrekudara.
43. Yen wus sirna wong agung ing Jodhipati,
paduka rinuwat,
antuk kamulyaning dhiri
barkahé sang Wrekudara.
44. Wus ginaris Pandhawa retnaning bumi,
dadya pangauban,
manungsa yen arsa becik,
anut wateking Pandhawa.
45. Nanging aja tumpang suh sawiji-wiji,
keh rungsiting tingkah,
yen luputa ing pamerdi,
lebur katur nora babar.
46. Yen patitis tatas-tetes ing pangungkih,
kukuh kakarepan,
aresik apik tan mosik,
antuk wahyuning Pandhawa.

47. Kumbakarna gya ngrangkul marang kang rayi,
bener tuduhira,
sun tanpa sihira yayi,
nanging kapriye ing patrap.
48. Panulatku mring Pandhawa iku yayi,
sang tapa ngandika,
dhuh Pratingkah wus kaeksi,
punopoa kaewetan.
49. Mangsa dadak lepata saking pangeksi,
kang prentah ing polah,
punika wredining batin,
dhuh enggal kakang mangkata.
50. Kumbakarna ngandika lah uwis yayi,
ingsun amit mangkat,
sira kariya basuki,
Kumbakarna gya ngumbara.
51. Dwijawara medal pangrasuk ing batin,
mangsuli angraga,
nimbali kang para cantrik,
sang pandhita lon ngandika.
52. Heh ta kabeh kehe manguyu cantrik,
padha rumantiya,
dupa ingkang wangi-wangi,
myang wreksa kinarya obar.
53. Wus samekta pangrakiting para dasih,
mangkane sang tapa,
pangandikanira aris,
heh sakehing wong pratapan.
54. Wruhanira sun iki wus prapteng janggi,
mulih mring delahan,
padha den angati-ati,
ing pratingkah den prayitna.



55. Para cantrik manguyu jejanggan sami,
duk samya miyarsa,
pangandikane sang resi,
kumrubut nungkemi pada.
56. Keh kang nangis mangkana sambating dasih,
dhuh sang pinandhita,
tan betah pisah wak mami,
ing delahan ngestu pada.
57. Lon ngandika sang wiku ywa sira nangis,
becik mumujia,
satindakira lestari,
kang setya mring karaharjan.
58. Lamun sira arsa milu lebu geni,
iku tan prayoga,
upama wong nambut kardi,
pakaryanmu durung purna.
59. Ywa kasusu nganggep barang durung tlesih,
anglarani badan,
becik upayanen dhingin,
kamulyaning uripira.
60. Yen ta sira tuhu asih marang mami,
mintaa mring dewa,
kalakon kajat iki,
iku pada sun tarima.
61. Lawan maneh ing sapungkuringsun cantrik,
padha ngawulaa,
mring Singgela kaki aji,
anuta kramaning praja.
62. Iku bae pituhunen kang sayekti,
ywa tumpang suh sira,
wis padha linggiha cantrik,
sun arsa mungguh pancaka.

63. Sang pandhita wus caket ing pancaka di,
wreksa wus ingobar,
kukuse sundhul wiyati,
sang wiku anungku cipta.
64. Wus rinasuk pakartine sang maharsi,
sakala wus sirna,
kabeh saisining bumi,
winengku sang pinandhita.
65. Wus cinetha tan kewran agal myang alit,
enggal dennya nabda,
wis padha keru basuki,
sang nulya malbeng dahana.
66. Jumalegur horeg obahe kang bumi,
prahara prakempa,
sinawur ing kilat thathit,
dahana mangalad-alad.
67. Cumlorot lir daru sirnaning agni,
gayuh jumantara,
wus sirna sang mulyeng dhiri,
wreksa awune tan ana.
68. Para cantrik samya lumayu angenthir,
sedyu tur wuninga,
mring Basawarna narpati,
muksaning sang pinandhita.
69. Para janma kang tinalar sang maharsi,
ciptaning wardaya,
mung warahe kang piningit,
ywa kongsi giris ing tindak.

VI. GIRISA (35)

1. Nenggih gantya kawuwusa,
ing Dwarawati nagara,
kang lagya wayang wuyungan,
sang Aprabu Padmanaba,
neng sajroning pamelengan,
lamine wus kalih candra,
datan karsa yen miyosa,
tan panggih garwa myang putra.
2. Ing mangke Rahadyan Samba,
sawadya anut sungkawa,
mulat karsane narendra,
tan wuninga purwanira,
narka yen praja yun rusak,
dumadya Rahaden Samba,
nindakken parluning praja,
amakili sri narendra.
3. Ing mangke Rahadyan Samba,
lagya karsa magelaran,
andangu wajibing nata,
sapa kang cinaket lenggah,
atmajendra Nglesanpura,
nenggih Raden Wresniwira,
dene kang piniji ngarsa,
Rekyana Patih Udawa.
4. Raden Samba lon ngandika,
paran patih karepira,
prakara iki jeng rama,

wus lawas neng pamelengan,
tan karsa miyos mring jaba,
jeng ibu lan para putra,
nora nana tinimbalan,
nembah ri sang mantri muka.

5. Sarwi alon aturira,
aduh raden gustiningwang,
ywa nggalih ramanta nata,
leheng raharjaning praja,
mrih sukaning wadyabala,
tentreming kawula desa,
punika binakuhana,
tulus luhure kang praja.
6. Wit ramanta asrinarendra,
ing satuhu-tuhu nira,
panuksmanireng kesawa,
mangsa dadak mindho karya,
ing karsa pasthi wus cetha,
kang dadya osiking driya,
pasthi jinumbuhkan marang,
osiking jagad sadaya.
7. Dhuh marmane ywa sumelang,
sanadyan ramanta sirna,
den pasrahena jawata,
yen tuhu Wisnu bathara,
mangsa dadak kasangsara,
wangsul gusti jeng paduka,
kang badhe gumantya raja,
kedah bisa amranata.
8. Rinangkul rekyana patya,
Dyan Samba aris ngandika,
patih sun banget tarima,
warahmu kang marang ingwang,

sayekti ingsun tan pugal,
yen mangkono patih sira,
den becik rumeksa jaba,
among kawula myang wadya.

9. Tumurun mring jalma desa,
kang becik pranata Wira,
aja ana kasangsara,
dene paman Wresniwira,
panduka ingkang santosa,
among para senapatya,
lan prajurit sadayanya,
bisoa met sukanira.
10. Kula kang rumekseng pura,
ing putra miwah santana,
reh ning rakanta sang nata,
lagya kulineng pamujan,
kadi ana karsanira,
kula paman andum karya,
sumangga sowang-sowangan,
Raden Samba manjing pura.
11. Nenggih gantya kawuwusa,
kang lagya kulineng wana,
ri sang Arya Dananjaya,
dhinèrekken Lurah Semar,
lan kakalih sutanira,
Gareng Petruk paparapnya,
amut karsaning bandara,
tan ketang ing sayahira.
12. Saking sru sih mring bandara,
mangkana sang Dananjaya,
kang dadya ciptaning driya,
mung angayam-ayam lina,
yen tan antuk sedyanira,
suka sirna aneng wana,

mangkana ki Lurah Semar,
wruh solahing Dananjaya.

13. Nanging tan wani majarna,
nglancang karsane dewa,
dumadya Ki Lurah Semar,
tumutur sakarsanira,
tan nedya lamun mambenga,
mring lakuning Dananjaya,
mila sinamur badhutan,
amrih lejaring bandara.
14. Dimen lestari ing karsa,
kang utamaning raga,
supaya tembe jinangka,
ambaboni sabuwana,
mila linaju sakarsa,
lupa dyan ntuk tuduh nyata,
sidane mengku buwana,
kil lurah wruh mring sasmita.
15. Anabda Ki Lurah Semar,
heh kulup Naladiwangsa,
paran susahe bandara,
apa kang dadi purwanya,
dene praja Madukara,
wus tan ana kang kuciwa,
garwa putra myang santana,
tan ana ingkang sulaya.
16. Lan para kadang Pandhawa,
wedi asih praptanira,
kulup mara golekana,
Nalagareng lon saurnya,
rama guneme maring wang,
duk maksih neng Madukara,
tan liya ingkang rinasa,
banyake kang dhara ilang.

17. Anjelih ki Lurah Semar,
nora patut iku sira,
bendaramu sinatriya,
huh kulup Jayadiwangsa,
uruna rembug kang cetha,
wiyogane gustinira,
Petruk matur iya rama,
dhasar Gareng iki edan.
18. Patute binandhem bata,
Gareng cinandhak gulunya,
binuwang mring dherana,
Petruk majeng ngapurancang,
sarwi matur titis cetha,
dhuh rama pepundheningwang,
yen susahe jeng bandara,
yekti wus aneng putranta.
19. Rama ing satuhunira,
emenge Ratu Janaka,
bisik-bisike maring wang,
bab utange marang Cina,
panyaure pan wus mangsa,
dhuwite ginawe lunga,
mring Raden Angkawijaya,
iku kang dadi susahnya.
20. Mulane saba mring alas,
watir yen Cinane teka,
mangka dhuwit kang ginawa,
mring Raden Angkawijaya,
wus entek ginawe royal,
mbayar tledhek saben dina,
enteke nembelas uwang,
iku rama nora liya.
21. Lurah Semar kagyat njola,
sarwi asru wuwusira,

heh pancen rada keparat,
wis padha sira menenga,
ingsun marek gustinira,
Ki Semar maju mangarsa,
nungkemi pada turira,
dhuh bandara paran karsa.

22. Wus lami kulineng wana,
tan ana ingkang sinedya,
sampun kalajeng bandara,
sumangga wangsul mring praja,
reh wus ngancik liya bangsa,
langkung kathah kang kabaya,
sang Parta alon ngandika,
heh ta kakang Badranaya.
23. Manira arsa tatanya,
alas kang katon ing ngarsa,
tengah munggul kang aldaka,
kakang ngendi aranira,
umatur Ki Badranaya,
ing tanah Hindhu wastanya,
kabawah praja Ngalengka,
yen tan lepat dhuh bandara.
24. Dene kang umadeg nata,
ing uni Sri Dasamuka,
yen wastane kang aldaka,
ingaran wukir Mahendra,
duk wau pakuwonira,
wong agung Ramawijaya,
dennya mangrurah Ngalengka,
kinarya resep tan sadya.
25. Mangkana sang Dananjaya,
myarsakken amring Semar,
kumenyut telenging nala,

sangsaya wiyoganira,
enget panggayuhing tindak,
dumadya Raden Janaka,
jumeneng sarwi ngandika,
kakang payo padha lunga.

26. Sedy a mring wukir Mahendra,
Ki Semar keh aturira,
dhuh sampun lajeng bandara,
langkung gawat marganira,
kang anjog wukir Mahendra,
ngandika Raden Janaka,
kakang ywa sumelang sira,
yen ingsun sedya raharja.
27. Benere tan kabencana,
nanging kakang mumujia,
kalakone kang sun sedya,
pintanen mring kang wisesa,
marang karentenging driya,
iku bae aja kemba,
Ki Semar nora sulaya,
dhasar wus saeka cipta.
28. Osiking Pandhawa lima,
pakartining Badranaya,
mila tan sulayeng karsa,
nanging simurngawula,
dennya met dayaning liya,
pi-api mambeng sakarsa,
ing batin kaya nyengkakna ,
supaya sida utama.
29. Milane sang Dananjaya,
yen pinambeng malah mreksa,
upamane kang curiga,
kadya wis nunggal garinda,
landhepe padha sakala,

marma enggal lumaksana,
Ki Semar sangsaya suka,
tut wuri lan sutanira.

30. Nenggih gantya kawuwusa,
kang baris wukir Mahendra,
Kyana Patih Wisapatya,
sakancanira reksasa,
duk semana mantri mukya,
lagya amangku bujana,
lan pra dipatya nayaka,
Ki Tumenggung Wisabajra.
31. Lan arinira katiga,
tansah dennywa wawan sabda,
wusanane karyanira,
ngandika sang mantri mukya,
heh ta adhi Wisabajra,
paran iki karyanira,
tan ana ingkang rineksa,
sepi samun saben dina.
32. Manawa nora sanyata,
karsane pinandhita,
umatur Ki Wisabajra,
dhuh kakang aywa mangkana,
sang wiku pandhita mulya,
kadi-kadi datan dora,
yekti karsaning jawata,
kang dhumawuh mring sang tapa.
33. Lagyeca imbal wacana,
kasaru geger ing jaba,
reksasa ngumpul mangarsa,
swara lir gelap sayuta,
kagyat sangkala dahana,
gupuh lumayu mring jaba,

andangu purwaning gita,
matur kang para punggawa.

34. Ki Lurah wonten satriya,
sangkane ing tanah Jawa,
mung tetelu rowangira,
arsa munggah mring aldaka,
wus pinenging datan kena,
dinangu ing namanira,
datan purun mangsulana,
ki lurah sumanggeng karsa.
35. Ngandika Kaladahana,
heh kancaningsun reksasa,
den becik rumantinira,
baya iki wahananya,
karsane sang dwijawara,
marma padha den prayitna,
sun matur mring kakang patya,
den bakuh ywa mundur sira.

VII. DURMA (61)

1. Sanalika Tumenggung Kaladahana,
atur wuningeng patih,
gugup lampahira,
prapta gyannya sang patya,
lenggah ing ngarsa turnya ris,
dhuh kyai lurah,
kula atur udani.
2. Pan ing jawi wonten satriya lelampah,
ambekta rencang katri,
ngenceng sedyanira,
arsa minggah aldaka,
pinenging semune wani,
marma gegerakan,
cumadhong dhawuh sami.
3. Ngguguk mojar Kyana Patih Wisabajra,
heh yayi Wisabumi,
sira mapagena,
mring satriya kang prapta,
ing tembung den alus ririh,
supaya aja,
laju munglah mring wukir.
4. Lawan apa karepe munglah aldaka,
sandika Wisabumi,
metu giyak-giyak,
wus prapta ungyanira,
satriya kang lagya linggih,

Ki Lurah Semar,
miwah anake kalih.

5. Wus anduga kalamun ana reksasa,
dadya umatur aris,
ndara den prayitna,
butane buta praja,
katara prabote becik,
myang rowangira,
kadi apaçak baris.
6. Lon ngandika sang Parta lah kakang sira,
den prayitna ing batin,
rumeksa maringwang,
mangkana wusnya celak,
reksasa kang marepeki,
sarwi sru mojar,
heh wong saka ing ngendi.
7. Dananjaya kendel tan arsa ngandika,
Tumenggung Wisabumi,
muwus heh heh sira,
budheg tan angon ngucap,
sang Parta ngandika aris,
heh ta reksasa,
sira dhangkamu ngendi.
8. Wisabumi jaja bang mawinga-winga,
sarwa nabda kumriwis,
heh manungsa ladak,
meneng anjunjung dhangka,
yen sira iku tan uning,
mring jenengingwang,
Tumenggung Wisabumi.
9. Nayakané maha Prabu Basawarna,
Singgela praja mami,
balik kowe sapa,

myang ngendi sangkanira,
sedyamu marang ing ngendi,
Sang Dananjaya,
paṅandakanira aris.

10. Lah ta buta lamun takon jenengingwang,
Jahnawi aran mami,
ya Raden Janaka,
satriya Dananjaya,
kakasih Raden Premadi,
ya Endra putra,
ya sang Prabu Kalithi.

11. Kang nyatriya aneng nagara Ngamarta,
dene sedyengsun iki,
arsa myat ing ngarga,
kang aran ing Mahendra,
ngguguk Ditya Wisabumi,
sru denny mojar,
heh sira becik bali.

12. Iku gunung sinengker mring gustiningwang,
sang Wiku Swelagiri,
mangkana sang Parta,
aris denny ngandika,
ingsun ora gelem oali,
sanadyan sira,
wakingsun ora wedi.

13. Wisabumi wuwuse heh heh manungsa,
ing mengko bosen urip,
kurdha sang reksasa,
tingkahnya lir sardula,
Dananjaya maksih linggih,
tinubruk endha,
malumpat nganan ngering.

14. Wisabumi tinampiling kelayaban,
riwut tingkahing jurit,
nubruk onja-onja,
angruket sarwi ngetak,
Dananjaya tan gumingsir,
tinubruk lepat,
sayah Ki Wisabumi.
15. Tinampiling cinepeng ing gulunira,
pinrang katga ngemasi,
mangkana wuninga,
Ditya Kaladahana,
kurda pupuling ing jurit,
liwung solahnya,
cukat kebat tarampil.
16. Dananjaya kalimpe tinubruk kena,
binekta mobat-mabit,
sru kinemah-kemah,
nanging datan tumama,
binuwang malesat tebih,
musthi warastra,
aran Ardhadhadhali.
17. Wus ingemat pinantheng sigra lumaras,
murdane tigas pancing,
tibeng siti pejah,
mangkana duk miyarsa,
Kalaranu kurdha angrik,
nyangking bedhana,
tingkahnya gegilani.
18. Dananjaya tinaman dening bedhana,
tinitir wanti-wanti,
nanging datan pasah,
sigra ponang bedhana,
rinebat mring Parta kening,

pinrang ing jangga,
Kalaranu ngemasi.

19. Angkat gada Ki Tumenggung Wisabajra,
gora reh giri-giri,
lindhu mawalikang,
mangkana Dananjaya,
kewran ing tyas dening angin,
musthi warastra,
dhadhali wus ngenani.
20. Murdanira Wisabajra pun wus pegat,
gumuling tibeng siti,
mangkana ki patya,
mulat kancane sirna,
sigra amusthi jemparing,
ran Kalabajra,
lumepas madyeng jurit.
21. Wisabumi Kalaranu Wisabajra,
Kaladahana sami,
kataman ing bajra,
gunaning mantri muksa,
waluya uripe malih,
sareng makrura,
samy liwung ing jurit.
22. Lurah Semar mulat lakuning payudan,
sumelang tyas tan sipi,
gya mareg mangarsa,
matur mring Dananjaya,
ndara butane kang mati,
dene wus gesang,
tuhulamun linuwih.
23. Dananjaya ngandika lah iya kakang,
ingsun ora kuwatir,
mangkana Arjuna,

luyut paningalira,
pinesu sirnaning osik,
sakala pirsu,
dununge kang raseksi.

24. Gya sidhakep nutupi babahan sanga,
meleng tyase trus wening,
tan liyan aminta,
sirnaning dur sikara,
bawana kang pinet kanthi,
katrimeng dewa,
gonjing kang bumi langit.
25. Tan antara udan awor lan pracandha,
lan udan watu angin,
tumekeng payudan,
geger rota danawa,
tambah parane den ungsi,
sangsaya arda,
adres udane lami.
26. Buta papat Kalaranu Wisabajra,
myang buta Wisabumi,
lan Kaladahana,
sirna kataman udan,
mulih ajale pribadi,
teranging udan,
reksasa sirna gusis.
27. Mung Ki Parta Wisapati maksih gesang,
ngaglah tengah margi,
mangkana sang Parta,
laju ing lampahira,
Lurah Semar atut wuri,
saanakira,
kekinthil nora tebih.

28. Dananjaya kagyat mulat mring reksasa,
jejer neng tengah margi,
sigra pinaranan,
kapanggih yun ayunan,
rahaden ngandika aris,
heh buta apa,
ngadhangi laku mami.
29. Wisapati mangsuli aku lurahnya,
reksasa kang ajurit,
iya lawan sira,
sun iki mantri mukya,
araningsun Wisapati,
kagyat sang Parta,
sarwi ngandika aris.
30. Sumingkira sun arsa munggah aldaka,
aja asal kardi,
sumaur ki patya,
becik sira balia,
mangsa kuwata nadhahi,
mring kurdaningwang,
sayekti prapteng pati.
31. Dananjaya kumepyur tyase miyarsa,
wuwuse kayana patih,
karoseng wardaya,
enggal musthi warastra,
kang kinonta Pasupati,
ingembat-embát,
asru mojar ki patih.
32. Heh satriya sira iku arsa apa,
Janaka ngandika aris,
buta sumingkira,
aja gendhak sikara,
yen sira lumuh sumingkir,

yekti sun panah,
lunas jiwamu pasthi.

33. Wisapati angadeg sarwi susumbar,
mara tibakna aglis,
yen Patih Singgela,
wus ginulang amunah,
mring sakehe satru sekti,
tan kataman,
gegaman ingkang luwih.
34. Nora eram mring panah kang sira embat,
wuwuha satus kethi,
ingkang karya sira,
kurdha sang Dananjaya,
pinusthi ingkang jemparing,
enggal lumepas,
tibeng jangganing patih.
35. Kalayaban sasambate ngaru-ara,
gumuling wus ngemasi,
risang Endra putra,
susumbar minta lawan,
dangu denira ngubengi,
wangkening ditya,
sukeng tyas satriya di.
36. Duk samana Sang Hyang Jagad Girinata,
karya sandining batin,
nurunken ginengnya,
tumanduk kyana patya,
cumalorot tibeng lathi,
rekyana patya,
kagyat denira tangi.
37. Dananjaya mulat mring reksasa gesang,
ngungun tyas esmu miris,
kalimpe cinandhak,

marang Ki Wisapatya,
ingundha panithing-pithing,
sang Dananjaya,
jroning tyas cipta mati.

38. Wus binuwang sumebut prapteng akasa,
kantaka tibeng siti,
mangkana Ki Semar,
mulat bandaranira,
neng payudan nandhang kanin,
asru bramantya,
lumayu mangsah jurit..
39. Kyana Patih mulat marang Lurah Semar,
esmu kewrang jurit,
kathah Solahira,
amrih patining Semar,
nanging tan bisa mranani,
Ki Lurah Semar,
saya riwut ing jurit.
40. Wisapati binithi gulune kena,
kalamah den kakahi,
wegah polah sayah,
tan bisa ngarah-arrah,
Ki Semar awas ningali,
cangkeming ditya,
binukak den gogohi.
41. Aji gineng ajrih marang Badranaya,
ndedel marang wiyati,
kagyat Lurah Semar,
mulat cangkeming ditya,
mijil lir daru manginggil,
lawan ki patya,
sanalika ngemasi.

42. Emeng ing tyas Lurah Semar maksih duka,
dene keneng piranti,
mulat Dananjaya,
dangu maksih kantaka,
sangsaya trustha ing galih,
ciptaning driya,
amung Sang Hyang Pramesthi.
43. Inggang badhe kataman ing dukanira,
enggal denny nimbali,
Sang Retna Kanastran,
ki Semar sru ngandika,
heh Kanastren awak mami,
binedhung dewa,
payo aterna nuli.
44. Mring kahyangan manirarsa nglunas dewa,
Ismaya keneng belis,
Kanastren nggegana,
Ki Semar munggweng wuntat,
nora antara wus prapti,
Jonggring salaka,
kagyat Sang Hyang Pramesthi.
45. Aris nabda kakang padha karaharjan,
Semar nabda mucicil,
kecik lawan ala,
iku sakarep ingwang,
balik sira iku anjing,
gawe kiyanat,
marang padhaning urip.
46. Lamun sira asih panggawe kang ala,
mangsa dadia becik,
Ywang Guru mangrepa,
kakang ywa age duka,
apa dosaningsun iki,

kakang jarwa,
Semar ngandika bengis.

47. Nora nana yen jawata kaya sira,
dadak pi-api lali,
sun iki wong ala,
tan lali polah tingkah,
ing ala becik tan lali,
ratuning dewa,
pagene siralali.
48. Karemanmu esuk sore maksiyatan,
ngeloni widadari,
nora patut sira,
dadi ratuning dewa,
gawe rusaking dumadi,
age minggata,
sun mengku suranadi.
49. Angemonga panuksmeng Bathara Suman,
wus sayah awak mami,
lan becike apa,
kakarya susah ing tyas,
atimu kalebon belis,
tindakmu murang,
memurung marang becik.
50. Panyanamu sira iku luput tiwas,
demeh dewa linuwih,
heh guru elinga,
wasitane si bapa,
ywa ngandelken sura sekti,
tan ana timbang,
lali purwaning urip.
51. Yen manungsa kang wus luwih tindakira,
iku pasthi tan wedi,
mring wong kaya sira,

- sebab wus kasarira,
 mring Sang Hyang Kang Murbeng Jati,
 marma elinga,
 aja gawe sak serik.
52. Lawan sira binubuhan ngulatena,
 ing tyase sagung urip,
 becik lawan ala,
 sira angadilana,
 kang becik jurungen puji,
 dene kang ala,
 purihen dadi becik.
53. Heh pagene momonganku sira beda,
 aprang lan Wisapati,
 apa Guru sira,
 asih tindak kang murka,
 tresna mring tindak tan apik,
 lah rasakena,
 mengko sun sepatani.
54. Sang Hyang Guru gupuh ngrangkul Hyang Ismaya,
 umatur sabda manis,
 kakang raganingwang,
 tan sedya gawe ala,
 dene Dananjaya iki,
 lagi sun coba,
 antepe marang becik.
55. Ing saiki pranyata musthikaning rat,
 sun bakal anjurungi,
 ing satindakira,
 nanging wruhanta kakang,
 Bratayuda wus pinasthi,
 tan kena selak,
 jalaraning linuwih.

56. Dananjaya mengko pinrihen santosa,
lawan anawang wangsit,
ran Makutharama,
iku sapa nganggoa,
nurunken ratu salami,
mengko rineksa,
Wiku Kesawasidhi.
57. Lurah Semar ngandikane maksih pugal,
aku tan weruh wangsit,
gelem tan gelema,
mudhuna milu ingwang,
wulangen momongan mami,
sakarepira,
ingsun wus sayah muni.
58. Gya cinandhak Bathara Guru linarak,
Kanastren nuksma malih,
mangkana Arjuna,
dangu maksih kantaka,
Gareng Petruk kang nenggani,
kagyat praptanya,
Semar lan Hyang Pramesthi.
59. Dananjaya wungu ing ngarsa tur sembah,
ngandika Hyang Pramesthi,
heh kulup aywa sak,
marang lalakonira,
saka iki sira weling,
munggaha ngarga,
Kutharungu den aglis.
60. Katemua Kesawasidhi pandhita,
njaluka sira kaki,
ran Makutharama,
iku kinarya srana,
kanugrahaning dumadi,

sapa nganggoa,
punjul samining urip.

61. Dananjaya manembah matur sandika,
Hyang Guru minta pamit,
kondur mring kahyangan,
mangkana Dananjaya,
kadi age lumaris,
adreng ing karsa,
kasmaran myat ing wangsit.

VIII. ASMARANDANA (48)

1. Wasana ngandika aris,
kakang Semar payo mangkat,
mungghah gunung ingkang katon,
Semar mangsuli sumangga,
bandara paran karsa,
kang abdi amung tut pungkur,
tan nedya suwaleng karsa.
2. Tumedhak satriya adi,
mulat sasengkan ing arga,
guwa jurang-jurang singgrong,
mubeng sukuning aldaka,
laju mungghah angampat,
mulat lalanging gunung,
ing pucak ardi Mahendra.
3. Ana watune sawiji,
pesagi jembar tur rata,
neng tengah tlaga unggane,
wening toyane sumunar,
keh tilas tataneman,
kang tiris denta tumiyun,
kadya ngayomi kang sela.
4. Kupeng pinggiring bot rawi,
ngayomi kang wawayangan,
Sang Parta ngandika alon,
kakang Semar iki apa,
watu jembar tur rata,

kupeng tirise tumiyung,
ing dhuwure mawa teja.

5. Lurah Semar matur aris,
raden punika tilasan,
Sri Dasarati dhepke,
de sela kang mawa teja,
punika nggyan mumuja,
sang Rama kalaning dalu,
lan ari Sumitratmaja.
6. Marmane wiyar tur radin,
wong agung Ramawijaya,
tan pisah lawan arine,
kapencut sang Dananjaya,
mulat nggyaning pamujan,
sigra tumindak mangidul,
ana watu sadipangga.
7. Neng pojok ngaup waringin,
sang Arjuna lon ngandika,
iki kakang watu gedhe,
dhuwur uga mawa teja,
Ki Semar alon turnya,
punika duk amanekung,
narapati ing Kiskendha.
8. Lan putra Raden Maruti,
ngandika Raden Janaka,
kakang ingsun nginep kene,
arsa napak amumuja,
nggyaning Bathara Rama,
mbok manawa raganingsun,
tuk barkah tindak utama.
9. Lurah Semar nayogyani,
mangkana sang Endra putra,
lerep aneng sela gedhe,

alawet dennya neneda,
lestaring tindaknya,
nenggih gantya kang winuwus,
ing Kutharungu pancaka.

10. Sang Wiku Kesawasidhi,
semana lagya pinarak,
neng dhampar retina lungguhe,
sapa ta kang aneng ngarsa,
bagawan Kapiwara,
lan arinira katelu,
aran Gajah Lakubandha.

11. Lawan Sang Nagabasuki,
paksi aran Dirgayaksa,
konjem ing siti lungguhe,
mangkan sang pinandhita,
aris dennya ngandika,
ana apa sira kulup,
prapta nora ingsun undang.

12. Umatur Raden Maruti,
pukulun ngaturken tiwas,
amba nemahi prang rame,
lan Kurawa ing Astina,
tunggul Narpati Karna,
ing Awangga prajanipun,
sedya sumiweng paduka.

13. Pinenging adreng ing kapti,
pun Dirgayaksa duk aprang,
meh kataman warastrane,
narapati ing Awangga,
sareng amba wuninga,
gebyaring warastra luhung,
sumelang reng durung cetha.

14. Ingkang ndarbeni jemparing,
kalampahan ulun candhak,
mangke punika warnane,
katura maha pandhita,
ulun jinarwanana,
asale warastra luhung,
ing purwa prapteng wasana.
15. Ngandika sang maha resi,
sarwi nampeni warastra,
wruhanamu panah kiye,
paringe Hyang Girinata,
kanggo ing Bratayuda,
arane Wijayadanu,
tan ana teguh katiban.
16. Ngguguk sang Andayapati,
yen makaten kaleresan,
kurawa ilang lajere,
besuk aprang Bratayuda,
kadang ulun Pandhawa,
Sudadirga maning wuwuh,
ngandika sang mahatama.
17. Iku salah tyasmu kaki,
krana yen ing bandayuda,
kurang pantes tetandinge,
iku karya nisthaning prang,
dumadi kasangsara,
yen ing pancakara iku,
becik kang padha prawira.
18. Asor ungguling jurit,
iku tan dadi gagaman,
miwah tan sangka sektine,
gumantung aneng lalakyan,
sadurunge ngayuda,

yen becik luhur kang laku,
pasthi unggul ingayuda.

19. Yen tindak nistha tan apik,
yekti kajodhi ranangga,
marma sira salah gawe,
antuk panahe Sri Karna,
iku kurang utama,
kenger patrap sira kulup,
sedyasih marang Pandhawa.
20. Nanging aminihi nisthip,
yeni ing besuk Bratayuda,
Kurawa iku lajere,
tan liyan Wijayacapa,
ing mengko sira cidra,
apa kang kinarep tunggul,
lir mungsuh sato ing alas.
21. Yen menanga ing ajurit,
iku tan kalok sumbaga,
malah dadya kanisthane,
adat nistha pasthi rusak,
tan widada saterah,
mulane ta panah iku,
becik nuli balekena.
22. Anoman nembah wotsari,
pukulun amba tan bisa,
amangsulken panah kiye,
leheng ta pinejahana,
pun patik lamun salah,
sang wiku ngandika arum,
kulup kajeron panampa.
23. Ing mengko sira sun tuding,
marang wukir ing Mahendra,
poma lakumu den aglis,



ing kana ana satriya,
sangka ing tanah Jawa,
anom warnane abagus,
takonana sedyanira.

24. Enggal mundur Sang Maruti,
prapteng jawi njumantara,
wus ngungkuli ing pucake,
kang aran wukir Mahendra,
sigra niyup mangandhap,
marpegi mring unggyanipun,
satriya kang mbangun tapa.
25. Awas mulat sang Maruti,
mring satriya Dananjaya,
gupuh rinangkul janggane,
dhuh yayi ingsun tan nyana,
katemu kene sira,
apa karepmu wong bagus,
jarwaa lawan pun kakang.
26. Dananjaya matur aris,
mangsa dadak kakilapan,
marang arinta sedyane,
gumujeng sang Kapiwara,
ya yayi wus kadhadha,
kabeh pangayuh ing tyasmu,
nanging pun kakang tatanya.
27. Pagene ta sira yayi,
teka pijer salewengan,
Dananjaya matur alon,
kakang prayoganing tindak,
kang padha karepira,
dumadi ngaran tumbuk,
satemah nora rekasa.
28. Ing wau Sang Udipati,
dereng ngarsa-arsa mring wang,

milamba pilaur reren,
neng pucak ardi punika,
nganti tibaning karsa,
Anoman gumujeng ngguguk,
ngraos kapinujweng karsa.

29. Wasana ngandika aris,
heh Janaka wruhanira,
dinuta praptaku kene,
mring wiku kang neng pancaka,
nginggahken lakunira,
mrih ywa suwe marganipun,
sira tut wuri maring wang.
30. Dananjaya turira ris,
punika langkung prayoga,
ulun darma njurungake,
karsaning Sang Hyang Kawekas,
lumuntur mring sang tapa,
Anoman ngandika arum,
iya yayi ywa sumelang.
31. Andedel sang Dayapati,
Dananjaya nora pisah,
lan katiga kucumbune,
sakedhep netra wus prapti,
dununging dwijawara,
alon denira tumiyup,
umarek ngarseng pandhita.
32. Sang Wiku ngandika aris,
heh raden sira bageya,
satekamu ngarep ingong,
ing wingking ngendi pinangka,
lan apa sedyanira,
dene kulina neng gunung,
tinggal kawiryaning praja.

33. Sapa sesambating wangi,
manembah Raden Janaka,
sarwi aturira alon,
pukulun lamun paduka,
ndangu nama kawula,
paparinging bathara gung,
pun ariya Dananjaya.
34. Madukara dunung mami,
kabawah praja Ngamarta,
ulun kaleres arine,
maha prabu Yudhisthira,
dene paraning sedya,
mangsa boronga sang wiku,
amba tur kang pejah gesang.
35. Emeng ing tyas Udipati,
mulat mring kawelas arsa,
dadya lon pangandikane,
heh raden aja lenggana,
becik sira waleha,
tan prayoga wekasipun,
yen manungsa kauripan.
36. Yen bisa becik nguripi,
arane sapadha-padha,
tarik-tinarik kabehe,
upama endhoge ayam,
bisane netes pecah,
sangka karepe si kuthuk,
jalarane sangka biyang.
37. Marmane yen sira kikip,
upama yen endhog gagar,
tan becik dadine tembe,
mangkana Raden Arjuna,
nembah alon turira,

aksamanta dhuh pukulun,
ing satuhu-tuhunira.

38. Ulun winangsit dewa di,
dhinawuhan angupaya,
Bathara Rama ageme,
ingkang winastan makutha,
dumunung ing panduka,
punika purwaning giyuh,
marma ulun sabeng wana.
39. Yen luput ujaring wangsit,
leheng palastra neng wana,
urip tan ana perlune,
mesem ngandika sang tapa,
raden apa wus pirsu,
wasanane wong tumuwuh,
dene ngayam-ayam lina.
40. Sang Parta matur wot sari,
sarwi drawaya kang waspa,
kraos salah panggayuhe,
pukulun badan kawula,
lir sarahing narmada,
anut sasolahing banyu,
tan lenggana prapteng lina.
41. Kumenyut tyase sang resi,
dumadya luntur sihira,
raden mung temena bae,
barang tindak kekarepan,
den kongsi kaleksanan,
aja kandheg kabeh laku,
kang mrih utamaning badan.
42. Angel raden wong dumadi,
yekti wangsulan kewala,
apa kono panggawene,

upama cithakan bata,
yekti kalebon lemah,
iku sapiturutipun,
jagad iku nora cidra.

43. Nandur pari thukul pari,
apa wijine kang karya,
buwana nuruti bae,
yen raden sira ngupaya,
makuthane Sri Rama,
ing kene tan ana iku
mungguh raden paran karsa.
44. Dananjaya matur aris,
pukulun raosing manah,
lir kinjeng ilang socane,
amung sampun katanggelan,
nggyan ulun puruita,
ngandika sang mahawiku,
iya raden ywa sumelang.
45. Tuhune kang den narima,
makutharama punika,
raden iku labuhane,
dennya umadeg narendra,
mengku ing wadyabala,
iku kang padha ginayuh,
nanging keh kaliru patrap.
46. Raden manawarsa uning,
labuhane sang Ragawa,
mengko manira andongeng,
duk Prabu Ramawijaya,
mulang mring Wibisana,
malah ta wurinireku,
Anoman iku wuninga.

47. Tan ngayawara wak mami,
maksih ana saksinira,
iku pituhunen raden,
yen sira arsa sumbaga,
dadya musthikaning rat,
ywa nyimpang ing tuduhipun,
wong agung Ramawijaya.
48. Catheten sajroning budi,
asal alus iku kena,
tan beda kadadeyane,
kulup sun miwiti kojah,
wulange Sang Hyang Rama,
mring sang Wibisana prabu,
mijilken sabda mangkana.

IX. MIJIL (35)

1. Aywa tungkul rumekseng wadya lit,
kyating rat katongton,
sabuwana yen wewah lakune,
anggun ngulahaken sarwa gusthi,
anggun tan apilih,
panggusthining laku.
2. Tinutaken tinatuman keni,
ing reh kang ginayoh,
pinrayitnan panggawe abahe,
ngowahaken iku gung bunudi,
yen laku wus becik,
panggahen den kukuh.
3. Ing Pratingkah aywa animbangi,
kang akarya keron,
wawasen ing lakunira tembe,
wewalere aja sira lali,
wuwus ingkang uwis,
gumelar ing hayu.
4. Angen-angen ing tyas aywa lali,
angkuhen bebadhong,
asemadi angkuhen susupe,
tulus ingkang manah mangan ilang,
abinggel kayekti,
tata glaring kalbu.
5. Agung sukanen driyanireku,
aywa gung wirangrong,

yen kagem reh wolunmakuthane,
makuthya kathung kalapi
lire reged ati,
buwangen den gupuh.

6. Ririh bener uwiten neng ati,
ulate katongton,
putus ing tyas sumuk memanise,
ing tyas ingkang ananangi runtik,
japanen sayekti,
arda nuting nepsu.
7. Ing tyas sukci sumuk ulat manis,
sagung reh kawengkon,
ing tyas saged aserung ulate,
susetya satyas manis prak ati,
ayeming tyas titi,
pangreh nora luput.
8. Sarjana mangka gandaning bumi,
raratus kakonyoh,
ngulahaken ing rat kaluwihe,
arjaning praja tan liris bangkit,
yen tan winowor ing,
pangridhuning laku.
9. Pakolihe yen panggah tan osik,
kukuh ing pakewoh,
aywa miris yen miris dadine,
kalong-longan darajad kagempil,
lakokna sayekti,
ngawruhi wadya gung.
10. Mangka angkasing jagat sayekti,
rumeksa gung anom,
mamariksa marang sabalane,
ngelu mules waras den kawruhi,
sajroning praja di,
aja na katungkul.

11. Apura paramarta mangka wit,
angepe den manggon,
kalepasan bae pamawase,
aywa keguh dumeh gedhe cilik,
ing reh bener sisip,
wawasan den putus.
12. Mungguh ing suka miwah prihatin,
ing wadya katongton,
gampang ewuh ing praja sukere,
den karuruh ing reh ingkang ririh,
den temen ing budi,
budinen sakayun.
13. Arjaning praja nora manasi,
tan ana lelakon,
ngowahaken marang pikukuhe,
bakuh ngaubi rumekseng bumi,
kaluhuran pasthi,
pinayu pikukuh.
14. Yayi Prabu Wibisana pasthi,
luhuring kaprabon,
kang wus kocap busaneng jagade,
kamulyan peni-peni mas manik,
aywa bot ta yayi,
duweking praja gung.
15. Emas mangka busananing dasih,
kang anganglang kewoh,
ananggulang praja susukere,
kang njagani jagad siyang ratri,
nora ngel ta yayi,
arjaning praja gung.
16. Nora kena yen pineting maling,
malinge katanggor,
saking nora nana pangungsene,

dennya rempeg saprajanta yayi,
rumeksane sami,
tan ana talutuh.

17. Talutuhe kacepit kapipit,
kapengkok kasompok,
lami-lami mareni alane,
jrih milu memala milalati,
ulate katawis,
mbok kawawas kawus.
18. Sagung ingkang alaladi becik,
ingkang becik wuwoh,
wimbuh susila karahayone,
sangking kena prabawanta yayi,
pracayeng praja di,
sawadyanira yu.
19. Prihen temen ing martanireku,
kang bisa ambobot,
ing bot repot mamrih sujanane,
ing rat ingkang panurogeng bumi,
pragnyana udani,
jroning jurang parung.
20. Petenging guwa guweng wanadri,
wawasan kang kinon,
sarjana weh kawruh ing isine,
pananduking sastra wus kaeksi,
papanahan sungil,
sungapan sastra yu.
21. Prayoganya wruh robing jaladri,
jaba jro katongton,
parang-prang curi batiningweng,
sastra dibya sabarang pakarti,
tan kule dera mrih,
pranyananing laku.

22. Saratana susuluh mrih titi,
titi kang winengkon,
mala ingkang mumulat ing tyase,
rinampas pitutur sayekti,
rih-rihen den keni,
kinulit rinasuk.
23. Rasukena ing krama sayekti,
wruhen neng padudon,
robana rum mamanis pamore,
amrih aja sangsayeng pakarti,
sidaning kamukten,
lir gerah manaput.
24. Yen wus kakenan ing reh sawiji,
wisanta kang adoh,
kasumbaga prayitna ambage,
susila mrih kasat moteng aji,
dennya wus miyarsi,
prabunya mrih hayu.
25. Samuane janma kang sumiwi,
pasang karahayon,
munah ingkang dwisila carane,
denira mrih sinat moting gusthi,
kawesoseng bumi,
kang wikrama tuhu.
26. Ratu aywa amiseseng rukmi,
pan yayi tan pandon,
emas iku pasamon anggone,
pan wajibe busananing bumi,
yen sira kukuhi,
wisaning praja gung.
27. Saguna-guna gununging bumi,
kondhang ing kaprabon,
upaboga sawadya-wadya keh,

tanapilih ing wadya gung alit,
tan benggang ingkang sih,
mrih sapraja lulut.

28. Kawibawaning prabu ta yayi,
yen ambegira bot,
andumaken ing kawibawane,
iku cacating karaton yayi,
temah dama nisthip,
rusak patinipun.
29. Karana jroning urip puniki,
ana kang den antos,
mung sadhela tan langgeng uripe,
yayi rusak jamane wong urip,
jamaning wong mati,
tetep ananipun.
30. Yen lalia pangrehireng dhiri,
dhusthanya tan padon,
pira-pira rusake patine,
yayi tuna wong madeg narpati,
tiwasa ing pati,
Wibisana nuwun.
31. Gunaning ratu prihen amardi,
tinut karahayon,
lan reksanen marga pekewuhe,
mriha lestari sagung lumaris,
wajibbe narpati,
becik ing marga gung.
32. Damaring praja ywa mati-mati,
adeging karaton,
aywa kendhat ngundhangi jagade,
mangka panariking reh sayekti,
ing pati pinanggih,
kautameng prabu.

33. Yen aresik prajanira yayi,
sagung ingkang tomun,
praja ing lyan kontap prabawane,
takut mulat kaharjaning bumi,
trusing budi yekti,
Wibisana nuwun.
34. Tilasing wadya kang galak nguni,
ingunen aywa doh,
manjing marang ratu kagunane,
yayi dadi busananing bumi,
atur tanpa uwit,
sikakna kadya su.
35. Nguni kadya winisan prajeki,
sira madega tong,
iya ingkang dadya panuwune,
mamangun suka isining bumi,
de prabunya titi,
manis ing pamengku.

X. DHANDHANGGULA (35)

1. Lawan yayi prabu den nastiti,
aniteni ing wadya punggawa,
amarnahaken karyane,
kang bisa marang lembut,
aja wedi agaling kardi,
kang bisa marang agal,
aja wedi lembut,
kang prakosa ing ayuda,
ana ingkang prakosa sabarang kardi,
kang bisa matah-matah.
2. Miwah wadya kang ahlul semadi,
karem marang pangolah mumuja,
tulusena pangawene,
aywa ta wowor sambu,
keron laku dhompo ing budi,
tumpangsuh ning prakara,
reged empanipun,
yayi Prabu Wibisana,
wataking wong tumpangsuh sabarang kardi,
cacat marang wiweka.
3. Ingunen panggawe pekik-pekik,
yayi dadi kumalaning praja,
ambusanani jagade,
punggawa kang dibya nung,
aprakosa marang ajurit,
yeku minangka wisa,
amisani mungsuh,
punggawa kang bisa basa,

basukine marang krama kukuh titi,
karyanen suwanggana.

4. Sarta ingkang wignya barang budi,
wruhing santa budi paramarta,
lepas marang wekasane,
wekasing reh rahayu,
aja adoh lan sira yayi,
parlune aywa pegat,
rewangen amuwus,
wuwus marang kauwusan,
wekasane urip iku nemu pati,
pati patitis mriha.
5. Nora beda pangrehira yayi,
iya marang ing jagad samoha,
lawan jagadira dhewe,
myang waler sangkeripun,
luputing wong angulah bumi,
lawan angulah badan,
padha pajunipun,
pundurane kering kanan,
yen wus kena kang dadi nggegawa sisip,
den awas kinawruhan.
6. Kawruhana sadina ywa lali,
pama damar murup tan kanginan,
atajem dadi urupe,
yayi pepeteng pitu,
tutupana singkuren ugi,
lulupute kang badan,
lawan praja iku,
sami amitung prakara,
den kareksa brukut pangunjaraneki,
marang pitung prakara.
7. Yayi Prabu Wibisana iki,
lire pepeteng pitu ing jagad,

iya sawiji-wijine,
ing jenengira ratu,
aywa cidra marang papatih,
papatih aywa cidra,
mring punggawanipun,
kang para punggawa aja,
anyidrani iya marang para mantri,
para mantri ywa cidra.

8. Marang janma desa janma tani,
lan balike dadi saprakara,
patih ywa cidreng ratune,
miwah punggawanipun,
iya aja cidra ing patih,
lan mantri aywa cidra,
mring punggawanipun,
miwah saturute pisan,
yen neraka wekasan salaya budi,
budi mring kabudayan.
9. Yeku wite ingkang memetengi,
pepeteng pitu yeku kepala,
dene yayi kapindhone,
ing jenengira ratu,
ing santana mantri kakasih,
aywa sih yen wus katrap,
adiling prajeku,
yen ratu iku nggampang,
marang adil lan marang mantri kekasih,
yen katrap tingalingan.
10. Iku yayi pepeteng ping kalih,
dene pepeteng kang kaping tiga,
papatih lan punggawane,
aja matur ing ratu,
ngaturaken dadia mantri,
ing sanak miwah kadang,

myang sentananipun,
kalamun durung prayoga,
durung bisa basa busananing mantri,
basukining weweka.

11. Apan sarate akarya mantri,
iya nora kena ginagampang,
dhingin wruha mring awake,
lamun wekasan lampus,
nora awet jamaning urip,
kapindho mantri wruha,
wekasaning dudu,
lawan wekasaning iya,
lan wekase lor kidul kulon udani,
wetan miwah ing tengah.
12. Lan weruha isining jaladri,
tuwin isining wana sadaya,
utameng bumi langite,
lawan manising tembung,
wruhing tembung kang kandel tipis,
miwah kang dawa cendhak,
mandhek lawan maju,
myang purwa madya wasana,
bala mantri sudarsaning praja di,
busananing nagara.
13. Kang apekik utamaning mantri,
ulat tangguh trus ing kalbu tatag,
tangginas marang karyane,
ayem marang pakewuh,
ririhi rereh marang ing pamrih,
aris marang rerasan,
putus ing reh hayu,
teteg yen amanggih laga,
titih tetah tetela ing siyang ratri,
ratrining purita.

14. Mantri sasmita busaneng budi,
jrih durcara awas ing wirangan,
nora gumunggung ambege,
arjaning tyas kadurus,
deres ingkang wiweka titi,
titikaning antara,
pantaraning atur,
weruh sandining sampeka,
suleksana tan galak tutut ing liring,
larang liring sandeya.
15. Mantri mukya kondhanging praja di,
kang wus tatal reh tinula-tula,
tuman tutut tuladhane,
tan dadak tindak-tanduk,
wruh ing dudu dadanan dadi,
kang sudha winisudha,
kang luput linimput,
winong winangun ing krama,
supayane mitaya kang mitayani,
putih ing pangupaya.
16. Wruha ring reh sareh saking ririh,
yen ingkang wus bisa gancang awas,
wus kawawas pakewuhe,
nistha madyaning laku,
kautamen kacipteng galih,
gegala nora gagal,
mantri agul-agul,
manggala golonganing prang,
myang bicara putus musthikaning mantri,
sumeh ing pasamuhan.
17. Tan asamar semune sesemi,
sumuk ing nistha madya utama,
tinamak krama pamede,
susila dursila yu,

kontap pinet saking pakarti,
samangsane tinatap,
wus atap tan luput,
putus patitis ing tingkah,
kang mangkono aywa doh kathikken yayi,
busana nateng praja.

18. Mantri punggawa lajering bumi,
nora kena yayi singa wonga,
adeging wisma pamane,
ana sakane guru,
saka rawa mantri lit-alit,
yen ana kang anyelak,
upamane bubuk,
iku mantri kang durcara,
memarahi iya nora anguwati,
marang adeging wisma.
19. Kaping pate pepeteng ta yayi,
aywa anut artaning punggawa,
lan aja mundhut sutane,
lan kaping limanipun,
yayi aja nglarangi kali,
aja nglarangi alas,
tegal gunung-gunung,
ara-ara lan samodra,
isi apa yayi aja den larangi,
upajiwaning wadya.
20. Kaping neme aywa sangga runggi,
marang sagunging prajuritira,
lawan juru tampingane,
aja anereng bendu,
mring prajurit myang juru tamping,
kang sira patah jaga,
nadhahi pakewuh,
tetepe pitu durjana,

singgahana gegelah regeding bumi,
kabeh wisaning praja.

21. Peteng pitu jroning badan yayi,
patraping pati-pati pantaka,
endi dadi reregede,
aja karem dyah ayu,
aja karem satya mas manik,
busana nawa retna,
ing pati nunungkul,
kekesen tyasira arda,
kuncaranen ing puja miwah semadi,
kasukan apesena.
22. Yen sira mrih utamaning pati,
iya yayi Prabu Wibisana,
tumus praja utamane,
anggepen ngreh wadya gung,
yen luput padhanen yayi,
lawan luputing pejah,
iku yayi prabu,
yen luput dera mrih pejah,
yekti luput pangrehira mring praja di,
padha kang dadi beka.
23. Bekaning pati mala malilit,
mulet ati lulut nora kentas,
bukaning praja ruwede,
tutur katawur-tawur,
nora tawar denny mrih yekti,
sisingating andaka,
dinadak tinanduk
kasulak kepelak-pelak,
ing tyas gugup durung kongsi anggagapi,
agahan tur kakehan.
24. Tunggal peteng pitu jroning jisim,
aywa ngekehaken asung sumbar,

iku wong sumekti dhewe,
ambeg prawira digung,
iku yayi petenging ati,
apan iku larangan,
tan patut winuwus,
yayi dudu duwekira,
kagungane kang akarya bumi langit,
kibir dirdireng jagad.

25. Lawan aja galak sireng lathi,
anggung duduka tan pangapura,
mimisuh saru wuwuse,
tunggal pepeteng pitu,
lamun ora ilang ing ati,
nora bisa utama,
ing patining ratu,
kaletheg arsa nanacat,
iku yayi susuker nyukeri galih,
barang sangsayeng karsa.
26. Lamun ana punggawanta wegig,
nanging dremba waregana emas,
supaya dadi setyane,
ampuh kinarya panduk,
marang mungsuh asring kajodhi,
nora kalawan aprang,
panungkuling mungsuh,
yayi Prabu Wibisana,
yen wus pejah kondhang ulahing praja di,
sumbaga jayengrana.
27. Lan sumebar murahira yayi,
yen sumawur paramartanira,
mungsuh prapta nungkul dhewe,
sasat Bathara Guru,
panganggepe mring sira yayi,
sawab legawanira,

pracoyeng tumuwuh,
dene sira wus pratama,
reregeding badan sampun den kawruhi,
wruh reregeding jagad.

28. Mungsuh jroning badan wus kajodhi,
mungsuh susukering praja bisa,
biningkas basuki bae,
yeku digdaya tuhu,
surengrana ing agal alit,
pan jatining wisesa,
waskitha kawengku,
kakangira Dasamuka,
pan pinunjul ing aprang prakosa luwih,
nanging agal kewala.
29. Mungsuhe ta datan den kawruhi,
pira yayi wawrating ayuda
apranga lan sira dhewe,
tan wurung kasoripun,
ing sayekti-yektine yayi,
timbang kalawan sira,
kaprawiranipun,
kari kasujananira,
pira yayi kuwate agedhag-gedhig,
pan maksih kuwat nalar.
30. Yayi Prabu den awas den eling,
babon ingkang marang kaluhuran,
apura parikramane,
adil pan suku bau,
adil iku pan madya yayi,
apura pan utama,
betah dadi luhur,
samektanen yen kacandhak,
poma yayi apura trusen neng galih,
prabawa paribawa.

31. Prihen temen apuranta yayi,
andarmaa ngaubi sajadag,
sorgeng bisa busanane,
basuki sabiyantu,
bebayane nora bayani,
reksanen buta desa,
buta gunung-gunung,
kabeh salinana prentah,
padha nuta parentah winangun iki,
wawangunan kamulyan.
32. Kamulyane sajadag dumadi,
Kareksane mbirat ing durcara,
dursila salah lepase,
suyasanen sinangguh,
guwa peteng lan jurang terbis,
kali-kali kalingan,
ing sastra sang prabu,
amadhangi sabuwana,
jroning guwa katon pinanduking tulis,
padhang reged katawang.
33. Kasmala-mala malaning bumi,
yayi prihen waluya kang ala,
lalia melik kang lalen,
lilanana ja nglulu,
tutulanen dimen katali,
aja kongsi katula,
tula alanipun,
denira rumekseng bala,
balabane marang bala angelebi,
kalebeng sabuwana.
34. Prabawane sarjananta yayi,
prayogakna pra agnyananira,
wignya susila darma weh,
hayunira amayu,

ngilangaken mala weh mukti,
mrih titi parikrama,
kramanira nulus,
sira Narpati Gunawan,
susilawan manyawan marta menuhi,
samping pasang seta.

35. Datan liya secanira nguni,
amumuhung apura kewala,
Wibisana tur sembahe,
mugyestua pukulun,
sabdaning sang binathara di,
sang Prabu Wibisana,
matur sarwi muwun,
nyuwun pangestunira sang,
Prabu Rama semana ngandika malih,
dhumawuh mring sri nata.

XI. SINOM (31)

1. Heh yayi prabu Ngalengka,
ana karyane mas manik,
sasoty myang nawa retina,
ing gedhong gantungen yayi,
mangka praboting bumi,
beya busananing ayu,
asrining prajanira,
gumatung aneng mas manik,
sregepa ambeciki prajanira.
2. Punggawa ambeg dipangga,
sira ta ngingua yayi,
lan punggawa ambeg singa,
kang ambeg andaka sami,
padha kathiken katri,
lawan ingkang pindha nujum,
kang pindha pinandhita,
sira anduwea yayi,
kabeḡ iku dadi busananing praja.
3. Wadya kang becik swaranya,
prawan ingkang pekik-pekik,
miwah kang bisa lah-olah,
kang bisa mematut yayi,
kebon pra sami,
yayi ngingua sireku,
aja pegat memuja,
barang prakaraning bumi,
atasena maring Hyang Jagad Pratingkah.

4. Semono bae rahadyan,
sedheng nggonku dongeng iki,
poma iku lakonana,
kang mantep ing lair batin,
aja dhemen ngurangi,
mangan ngombe miwah turu,
iku tanpa wasana,
dolanane bocah cilik,
mung mantep marang utamaning praja.

5. Aja karem saba alas,
gunung jurang guwa kali,
bengawan miwah samodra,
iku raden ora becik,
karya seling panamping,
nistha tumraping praja gung,
prayogane nggulanga,
ngulatken tyasing dumadi,
iku bae winawas den kongsi cetha. *

6. Mangsa dadak mindho karya,
solah muna lawan muni,
sinaksen liringi ulat,
yekti trus sajroning budi,
budi iku pakarti,
ala becik pasthi wujud,
wujud dunung warana,
warana wadhahing urip,
urip iku tumindak urup-urupan.

7. Tegese urup-urupan,
tan kandheg pasthi lestari,
lestari iku tan pegat,
urip datan kena pati,
dene ingaran pati,
pati patitising laku,
laku iku kalakyan,

kalakon tan wurung urip,
urip iku dumununge warna-warna.

8. Iku raden ywa sembrana,
angel wus pinasthi urip,
nanging keh salah panyana,
marmanta den ngati-ati,
akeh godhaning nagri,
yen tan bisa patrapipun,
ana wong gawe bungah,
wekasan bungah pribadi,
iku raden kenger patrap dadi tuna.
9. Jamake wong karya bungah,
dumunung tyase sasami,
bungah iku tegesira,
tan sesak ing kanan kering,
dumadya amimbuhi,
kawiryaniireng tumuwuh,
nembah Raden Janaka,
karaos-raosing galih,
saya krasa enggal denny ngraup pada.
10. Rinangkul lungayanira,
sang wiku ngandika aris,
raden mung darma wakingwang,
pituduh ajar kang becik,
yektine kang darbeni,
rahaden pribadinipun,
nuwun Raden Janaka,
nembah wangsul denny linggih,
alon matur pukulun linajengna.
11. Sang wiku aris ngandika,
iya raden ywa kuwatir,
nanging raden raganingwang,
duwe panjaluk sathithik,
umiyata mring wuri,

poma ywa noli marang sun,
lah payo dipun enggal,
manembah Raden Premadi,
sarwi minger dadya nungkurken sang rapa.

12. Mangkana sang maha mulya,
ciptane arsa nuweni,
mring garbane Dananjaya,
wus winawas prapteng batin,
binukak saking budi,
sakala menga kadulu,
lir angganing wiwara,
weninging tyas maha yekti,
gupuh manjing garbane sang Dananjaya.
13. Wus prapta jamaning garba,
sang Wiku Kesawasidhi,
mulat gambaring buwana,
saisi-isining bumi,
jinajah mring sang resi,
kanan kering miwah luhur,
pojoj-pojoking ngandhap,
katawang kang bumi langit,
mega mendhung kartika candra baskara.
14. Padha tan ana kang kurang,
kabeh saisining bumi,
mangkana sang Dwijawara,
ardyeng tyas sedya udani,
pakartining Jahnawi,
dumadya sang maha resi,
sidhakep suku tunggal,
sirna larangan sumisih,
byar kacetha kang awisma kadya cahya.
15. Gumilang-gilang sumunar,
tan samar sang Udipati,
mring cirining wisma cahya,

munya Prabu Parikesit,
garjita sang maharsi,
rucat ing tyas gupuh metu,
saking garbaning Parta,
sinuksmeng tyas ngandika ris,
heh ta raden wus tutug panjalukingwang.

16. Dananjaya minger nembah,
sumewa ngarsa tan tebih,
sang tapa alon ngandika,
raden nutugen wak mami,
den brukut ing panampi,
mring warah kang wus kawuwus,
ing mengko ingsun jarwa,
rudah ing tyasira kaki,
besuk kena dumunung mring pu tunira.
17. Sabubaring Bratayuda,
kabeh anakmu wus mati,
kang antuk wahyu nugraha,
sang Aprabu Parikesit,
Bimanyu kang siniwi,
mijil Untari ing besuk,
marmane raden sira,
kababuhan nambut kardi,
ywa kuciwa den apik garapanira.
18. Raden yen sira sembrana,
upamane wisma ringkih,
mbok katrajang samirana,
banget nggone mutawatir,
becik kang ngati-ati,
santosa ing adegipun,
dumadi kanggo lawas,
lawan raden ingsun weling,
aja nampik marang kang katon ing jagad.

19. Ing puwara tan prayoga,
suda darajading urip,
mangkana Raden Janaka,
kadung denira nampeni,
manambah turira ris,
kadipundi ta pukulun,
upama tan prayoga,
pagene tan kena nampik,
lamun ana manungsa laku dursila.
20. Murang kramaning agesang,
paran nggyan ulun tan nampik,
mesem sang maha pandhita,
sarwi angandika aris,
bener ciptamu kaki,
yen maksih bebakal iku,
tegeše durung babar,
tindakan wong nampik milih,
yan ujure kang utama pan wus ora.
21. Kabeh sinihan kewala,
tan ana ingkang ginething,
dumadi tan kaelangan,
mengko raden sun cangkrima,
dimen padhang tur bresih,
aja kaliru ing semu,
upama tai jaran,
iku sira pasthi sengit,
rupa ala ambune iku tan enak.
22. Banjur age sira buwang,
tan wruh karyane mrih becik,
yen sira dhemen tanduran,
kekembangan sarwa peni,
yen lemah kurang becik,
pasthi tandurane kuru,
iku si tai jaran,



bisa gawe suburing wit,
yen wus lemu ingkang nandur suka bungah.

23. Pagene sira tampika,
yen wus wruh dayaning urip,
kabeh saisining jagad,
ana karyane pribadi,
marma kang ahli budi,
binudi kabeh tan luput,
nembah Raden Janaka,
saya konjem denny linggih,
alon matur pukulun linajengena.
24. Sang tapa ris andikannya,
raden sun sawang ing liring,
ing panampa kurang cetha,
durung ngandelujar mami,
mara majua kaki,
menenga bae sun junjung,
nembah Raden Janaka,
wus cinepeng mring sang resi,
linebetken ing sajroning gambarira.
25. Sang wiku sarwi ngandika,
raden awas aningali,
Janaka wus kalimputan,
byar katingal buwana di,
pepak isining bumi,
bangsa kayu bangsa banyu,
bangsane tetanduran,
bangsa woh myang bangsa bumi,
bangsa angin bangsa agni nora kurang.
26. Lan sakutu walang taga,
mega mendhung kilat thathit,
baskara candra kartika,
pepak saisining bumi,
kewran Raden Premadi,

reh peparon wayahipun,
separo katon rina,
kang separo katon wengi,
bola-bali liru nggon kadya kitiran.

27. Yen pinuju katon rina,
baskara cetha kaeksi,
yen wengi datan katingal,
mung sadhela rina wengi,
Dananjaya miyarsi,
wus karasa jroning semu,
nanging reh durung terang,
ninging driya satriya di,
frenyuh ing tyas gupuh medal saking garba.
28. Nembah alon aturira,
pukulun nyuwun jinarwi,
kang katingal jroning garba,
ngandika sang maha resi,
ing satuhune kaki,
jalma pindha buwana gung,
pagene nampik sira,
marang sen-isening bumi,
yen ngaranga merang sapa kaelangan.
29. Padhang sawang awang-awang,
tininggal mitraning urip,
temah kacuwan sakarsa,
labet ing nguni anampik,
pahe kang sarwa asih,
kabeh dinulur kajatipun,
kabeh saisining rat,
mangayubagya samya sih,
dadya pindha baskara kang cipta maya.
30. Langgeng sunare sung santa,
dene rina lawan wengi,

iku tinimbangken sira,
tangi lawan turu kaki,
marma raden pinasthi,
dadya lajering praja gung,
kang bisa nasabana,
marang panggayuhing batin,
aja kongsi corah liyaning manungsa.

31. Yen corah temah kalongan,
terkadhang tan bisa dadi,
mulane kang bisa sasab,
akanthia tata krami,
awit tuguning urip,
dumunung sang maha prabu,
raden iku nyatriya,
mring raka Yudhisthira ji,
ywa katara nggonmu gambuh kawesanan.

XII. GAMBUI (31)

1. Lan maneh titip ingsun,
iku panah si Wijayadanu,
ulihena mring kakangmu adipati,
Karna kang neng pucak gunung,
Duryapura lagya wirong.
2. Sayektine kakangmu,
tunggal cipta lawan panggayuhmu,
nanging takdir tan antuk mulyaning dhiri,
marma ulihena kulup,
dimen wudhar ing tyas wirong.
3. Kang supaya katungkul,
dhemen gedhag-gedhig nora urus,
dimen lali marang wajibing dumadi,
marema Wijayadanu,
kang dadi andeling kewoh.
4. Ing Bratayuda besuk,
lawan sira tetep kasaripun,
sirna dening panahira Pasupati,
aja was-was sira kulup,
mrih rahayuning lalakon.
5. Kang sukur sapandhuwur,
yen kalantur mashur dadi luhur,
Dañanjaya nembah nampeni jemparing,
sarwi alon aturipun,
nyuwun pangestu kalakon.

6. Sadaya wecanipun,
sang pandhita anucup ing embun,
iya raden ingsun nyangoni basuki,
muga lestari rinasuk,
pitutur kang mrih kinaot.
7. Janaka nembah mundur,
lengser saking ngarsa maha wiku,
Lurah Semar saanake nora keru,
tut wuri bandaranipun,
sang tapa maksih alungguh.
8. Amiji Bayu sunu,
lon ngandika balia ta kulup,
marang gunung Kandhalisada nastapi,
lan kadangira katelu,
rumeksaa mring pakewoh.
9. Kadangmu Pandhaweku,
mbok kalalen nindaki patrap dur,
ingsun uga melu angamping-ampingi,
mring tindake kang rahayu,
dimene jayeng palugon.
10. Anoman sigra mabur,
sakadange wangsul unggyanipun,
duk semana sang Wiku Kesawasidhi,
ngrucut kapandhitanipun,
wangsul Padmanabā katong.
11. Sedyā kondur jumujug,
nggyaning ari Yudhisthira prabu,
datan arsa laju marang Dwarawati,
supaya karya lipur,
tyasing Darmaputra katong.
12. Sakadang Pandhaweku,
drenging karsa njumantara muluk,
sakedhap wus ngungkuli Ngamarta nagri,

alon denira tumiyub,
nenggih gantya winiraos.

13. Kang neng pucaking gunung,
Duryapura Sri Ngawangga prabu,
kang neng ngarsa Rekyana Patih Sangkuni,
Kurawa samya angumpul,
pacak baris nora adoh.
14. Suryaputra wus ngrasuk,
ing karajan pangagemanipun,
mila enggal nimbali rekyana patih,
sedya dumugekken laku,
karsane ari sang katong.
15. Mring gunung Kutharunggu,
emeng ing tyas reh Wijayadanu,
maksih musna keron ing tyas adipati,
lagi anganam ing kalbu,
geger ing jawi gumuroh.
16. Kurawa ting bilulung,
durung cetha purwane wus gugup,
nunjang-nunjang palayune kempis-kempis,
umareg neng pucak gunung,
adherodhog bengkok-bengkok.
17. Citraksi bekuh-bekuh,
sarwi mojar heh apa ku mau,
Citrayuda mangsuli tan weruh mami,
Suryaputra ngandika sru,
matura aja guguyon.
18. Kartamarma lon matur,
pun Citraksi wau kesah ngidul,
prapteng marga keh wong alok ana jalmi,
binarunging asu njegug,
Citraksi wangsul nunjang wong.

19. Surtayu lagi nguyuh,
pun Citraksi numbuk saking pungkur,
dadya kaget lumayu kocar-kacir,
Darmagati jajan thiwul,
kaget milu alok-alok.
20. Kang wade thiwul gugup,
Darmagati ngrayut kenthang kimpul,
kang ndarbeni umiyat kurdha tan sipi,
Citraksi sangsaya gugup,
pelayune lonjong tenong.
21. Ing mangke maksih payus,
lah punika ulate baluwus,
Dyan Citraksi mangsuli heh kakang iki,
mbok manawa ana mungsuh,
yen kapencil raganing wong.
22. Yen kongsi prapteng lampus,
mangsa dadak ana kang tutulung,
destun malah gelem ngalap bojo mami,
Suryaputra ngandika sru,
paman metua den gupoh.
23. Apa ing purwanipun,
dene geger kang para wadya gung,
kyana patih gupuh medal marang jawi,
Kurawa ndherek gumrubyug,
rebut tengah liru enggon.
24. Sangkuni duk andulu,
sing mandrawa satriya lumaku,
awas mulat enggal wangsul atur uning,
tanek purwaning gumuruh,
baris katrajeng pakewoh.
25. Wonten jalma lelaku,
ingiringken bature tetelu,
winangsulken tan kena anjrajang baris,

sun sawang wiraganipun,
kadi rayinta pun Jlamprong.

26. Karna kagyat ing kalbu,
medal gupuh denira lumayu,
wus pinanggih yun-ayunan lan kang rayi,
Dananjaya gupuh ngraup,
ing pada nulya alunggoh.
27. Suryaputra lingnya rum,
padha becik yayi satekamu,
Dananjaya nembah aturira aris,
inggih pangestu pukulun,
kakang sami karahayon.
28. Dipati lingnya arum,
yayi sangka ngendi sira iku,
Dyan Janaka pasang ing cipta turnya ris,
saking nut ciptaning kalbu,
nguja kareping lelakon.
29. Karna ngandika asru,
ingsun dudu bocah kadi gunung,
padha trahing Jawata ingkang linuwih,
aja sembrana caturmu,
pratelaa kang sayektos.
30. Dananjaya tumungkul,
emeng ing tyas lamun dadya ngudur,
sanalika ewet welinge sang resi,
ulihing Wijayadanu,
panulakireng padudon.
31. Wasana nembah matur,
ulun mentas saking Kutharunggu,
pepanggihan lan Wiku Kesawasidhi,
wus lami ulun neng ngriku,
amet pucunging lalakon.

XIII. POCUNG (68)

1. Kagyat ngrungu,
Suryaputra ngandika sru,
sira golek apa,
naruthuk nggyaning sang resi,
Dananjaya umatur sarwi ngrerepa.
2. Dhuh kang prabu,
marma ulun sabeng ngriku,
ngulati makutha,
ageme Sri Dasarati,
ratu agung binathara Duryapura.
3. Wau sampun binektakken maring ulun,
narpati Ngawangga,
miyarsi duka tan sipi,
gedrug-gedrug jaja bang mawinga-winga.
4. Ngandika sru,
endi warnane sun pundhut,
Dananjaya nembah,
sarwi nyaosken jemparing,
dhuh kang prabu punika ing warnanira.
5. Wus pinundhut,
pangandikanira asru,
heh Janaka sira,
liwat mejanani mami,
iki dudu kang aran Makutharama.
6. Sira lamur,
yen tan weruh sangkanipun,

paringing jawata,
iki panah darbek mami,
dene nguni padha kinarya rebutan.

7. Teka ngaku,
pawehe pandhita gunung,
makuthaning raja,
pancen gorohmu andadi,
lah ing mengko endi rupaning makutha.
8. Nembah matur,
tan wonten wujud mung iku,
mangkana Sri Karna,
emeng ing tyas de kang rayi,
bisa karya mulyaning Wijayacapa.
9. Ing tyas luluh,
dukane wus sirna kebut,
nanging reh dinuta,
mring ari Duryudana ji,
dadya maksih sinamudana ing duka.
10. Ngandika sru,
aja dhemen gawe bingung,
endi makuthanya,
ageme Sri Dasarati,
heh Janaka wus tuwa aja sembrana.
11. Yen kapatuh,
sira yayi satriya gung,
angulahken praja,
ywa kelingan plonthang-planthing,
mesam-mesem kaya semayanmu teka.
12. Clebang-clebung,
saben muwus kanthi guyu,
yen lungguh tan jenak,
yen pun kakang nora pangling,
nalikane sira mbedhang nyonyah cina.

13. Ywa katungkul,
mengko wus diwaseng tuwuh,
Arjuna wuninga,
dukanira kang wus lilih,
asung karya sukaning kadang Kurawa.
14. Sigra mundur,
dheyang-dheyang lampahipun,
Narpati Ngawangga,
duk rinasa prapteng batin,
enget ing tyas wecaning Makutharama.
15. Temah thukul,
ing tyas kakardan supenuh,
sru denny ngandika,
heh Janaka lumuh urip,
kurdha mangsah Narapati Suryaputra.
16. Gya kasaru,
ana satriya tumiyup,
saking dirgantara,
dumrojog ngarseng narpati,
kagyat mulat ri sang dipati Ngawangga.
17. Ngandika sru,
sapa aranmu wong bingung,
teka murang krama,
angandheg wong arsa jurit,
prasajaa ing aran myang sedyanira.
18. Duk angrungu,
Sintawaka ngandika rum,
yen tambah maringwang,
satriya lelana jurit,
kang kasusra ing rat tan ana kang madha.
19. Tau mikut,
sagung ratu sikara dur,

myang para satriya,
dene ta jujuluk mami,
musthikeng rat aran Bambang Sintawaka.

20. Balik ranmu,
prasajaa jalma gunung,
rupamu mbaranyak,
panganggomu lir narpati,
Suryaputra asru denira ngandika.
21. Lamun tumbuh,
sira marang jenengingsun,
Narapati Karna,
ya Radeyaputra mami,
Suryaputra madeg ratu ing Awangga.
22. Sira iku,
sumingkira den agupuh,
ingsun arsa aprang,
lan si Dananjaya iki,
Sintawaka kagyat nggarjiteng wardaya.
23. Ngandika sru,
heh pagene sira prabu,
arsa pancakara,
apa purwaning ajurit,
satemene sun mitrane si Janaka.
24. Mengko nuju,
ngudur sulaya ing kawruh,
narpati Ngawangga,
jumeneng kurda tan sipi,
sarwi nyandhak Sintawaka gya binuwang.
25. Wusnya kabur,
nanging tibeng wurinipun,
wanti-wanti denny,
buwang meksa tibeng wuri,
Suryaputra sangsaya bramatyana.

26. Srenging kalbu,
gya musthi Wijayadanu,
pinenthang lumaras,
tinampen ing asta kering,
wus binekta ngarsane Dipati Karna.
27. Sang abagus,
mesem angandika arum,
heh nata Ngawangga,
paran ing karsanta iki,
kuntanira wus tan tumama maringwang.
28. Heh sang prabu,
wus tetep kasor maringsun,
yen mbacuta aprang,
sayekti nemahi pati,
dene sira arsa aprang lan Janaka.
29. Iku ingsun,
prakarane arsa krungu,
Narpati Ngawangga,
cabaring warastra sekti,
dheleg-dheleg sapandurat tan ngandika.
30. Ing tyas giyuh,
esmu miris kadung-kadung,
dadya aprasaja,
prakarane nggonku jurit,
si Janaka iku nglancangi maringwang.
31. Lakuningsun,
dinuta mring yayi prabu,
nata ing Astina,
wakingsun kinon ngulati,
makuthane wong agung Ramawijaya.
32. Teka iku,
si Janaka adol angkuh,

kapethuk maringwang,
kojahe memanas ati,
tuk makutha ageme Bathara Rama.

33. Ingsun jaluk,
tan mangsuli banjur mungkur,
lunga tanpa wara,
iku kang dadi tyas mami,
Sintawaka aris denira ngandika.
34. Lamun sarju,
sira menenga rumuhun,
ingsun kang nanggulang,
yudane si kena belis,
nanging ana kang sayekti janjiningwang.
35. Lamun ingsun,
ing aprang wekasan unggul,
makuthaning raja,
yekti sira kang ndarbeni,
gegawane Janaka prapta ing sira.
36. Ingsun lumuh,
tan sudi prakara iku,
nanging mbok manawa,
kasoran nggoningsun jurit,
aja adreng karepmu mrih pancakara.
37. Dhuh sang prabu,
elinga purwaning laku,
aja rudapeksa,
manawa tumekeng pati,
lah kapriye prasajaa karepira.
38. Sang aprabu,
aririh wangsulanipun,
heh ta Sintawaka,
wakingsun uga nuruti,
puluh-puluh wus kaluluh raganingwang.

39. Sang binagus,
gupuh denira lumayu,
angandika sora,
heh Janaka payo jurit,
ingsun iki satriya lelana ing prang.
40. Araningsun,
Dyah Sintawaka dibya nung,
kang pininta sraya,
ing Awangga sang narpati,
kinon nugel murdane si Dananjaya.
41. Duk angrungu,
Dananjaya gupuh wangsul,
wus ayun-ayunan,
pangandikanira aris,
heh satriya aranmu sun durung cetha.
42. Ri sang bagus,
mangsuli yen tambah ingsun,
Bambang Sintawaka,
mentas lalan awak mami,
ndhustha marang kusuma Wara Sumbadra.
43. Kang anglawung,
tininggal bojone ngluyur,
jenenge Janaka,
kabeneran sira panggih,
nanging ingsun tan wedi mring rupanira.
44. Endra sunu,
kagyat muka lir tinapuk,
dadya sru ngandika,
heh manungsa murang krami,
galak racak adol kuwanen maringwang.
45. Sang amongkung,
ngandika sarwi gumuyu,

heh heh Dananjaya,
pan ingsun krungu pawarti,
para janma tuwin ta para narendra.

46. Sira iku,
kasusra jalma dibya nung,
ojat tanah Jawa,
Janaka musthikeng bumi,
ya pagene bojomu kena sun gawa.
47. Layak patut,
rupamu memper wong nglindur,
nglayab galuyuran,
nunjang-nunjang tanpa pikir,
yen mangkono goroh kang darbe pawarta.
48. Pantas ingsun,
dadya kekembang kidung,
mangkana ujarnya,
kurdane yayah sinipi,
srenging duka enggal denny narik katga.
49. Sang murwengkung,
wuninga gumujeng ngguguk,
sarwi angandika,
e lah dalah ngunus keris,
payo kebat sun tadhahi tibakena.
50. Gya sinuduk,
Sintawaka sarwi mungkur,
Rahadyan Janaka,
tan pegat denny nyuduki,
kanan kering wuri ngarsa tan tumama.
51. Sang malatkung,
mesem angandika arum,
mungguh jenengingwang,
kang duwe si Pulanggeni,
suka mati lamun nyuduk datan pasah.

52. Mangka ingsun,
ngrungu warta pan wus mashur,
kang jeneng Janaka,
dhasar ngunus Pulanggeni,
nadyan jagad yen katiban pasthi sirna.
53. Mengko nyandhung,
tan pasah tumameng mungsuh,
iku yen manungsa,
pancen rada idhep ngisin,
becik mati yen dadi jago pedhotan.
54. Dumeh bagus,
angandelken rupanipun,
nanging bebagusan,
tyase gegelah ing bumi,
mangsa dadak nimbangana Sintawaka.
55. Pandhu sunu,
adrenging duka wus liwung,
tan wruh subasita,
inggal musthi Pasupati,
awas mulat Kyai Lurah Badranaya.
56. Mlayu nyrunthul,
Janaka linarak mundur,
asru wuwusira,
e sembrana raden iki,
musthi kunta nora nganggo angon mangsa.
57. Lah mbok ndulu,
wenesing cahya kang mungsuh,
aywa kabranganan,
becike alus manis,
den wiraga solah tembung manuhara.
58. Sang madya nung,
ing tyas pan maksih kalimput,

sru denny ngandika,
wis aja kakehan uni,
sun panahe mungsuh iki dimen sirna.

59. Tunggulwulung,
ngeleter gumujeng ngguguk,
rahaden ywa lupa,
panuksmaning Wisnumurti,
sinung timbang kadi wengi lawan rina.
60. Puluh-puluh,
dika niku rada besar,
dhemene clurutan,
saben bengi gogoh sompil,
bola-bali bola-bali bali bola.
61. Dadi niku,
yen lunga tinarka slulup,
dika nyenthong Cina,
mungsuh niki bekel kenci,
dadi susah saben mlumah dika kalah.
62. Dhuh wong bagus,
prayogane dika nungkul,
asraha patobat,
kanthia tembung kang manis,
dimen sirna wranane kang pindha warna.
63. Gya ngalumpruk,
padhang ing tyas thenguk-thenguk,
Rahadyan Janaka,
tumindak atawang-tangis,
dhuk rahadyan dasihe tur jiwa raga.
64. Ajur luluh,
mung ngesthu pada wakingsun,
wus tan darbe cipta,
lumawan yudanta gusti,
pejah gesang ulun mugu kaatura.

65. Sang oneng kung,
mulat tyasira wus trenyuh,
tambah kang ginagas,
mung enget karongrong ing sih,
dadya sirna wranane kang padha priya.
66. Sang retna yu,
Sumbadra merang ing kalbu,
Rahadyan Janaka,
mulat kang garwa lumaris,
anututi pepincangan tebah jaja.
67. Nguwuh-uwuh,
alah biyung-buyung kulup,
tyasingsun lap-lapan,
tujune padha basuki,
gya sinambut kusuma Wara Sumbadra.
68. Wus ingungrum,
den arih-arih den lipur,
binakteng singidan,
namur lumebeng wanadri,
laju kondur ing Amarga wirangrongan.

XIV. WIRANGRONG (29)

1. Wau ta ingkang winarni,
kang lagya leren makuwon,
Suryaputra sawadyanira gung,
Kya Patih Sangkuni,
myang Raden Dursasana,
kadang Kurawa pepakan.
2. Wus atap demira linggih,
Narpati Karna lingnya lon,
paran prayoganing laku,
ki patih turnya ris,
rehning Janaka musna,
prayogi atur uninga.
3. Mring ari Suyudana ji,
sri dipati ngandika lon,
inggih paman sampeyan rumuhun,
kula kang nututi,
lampahe pun Janaka,
sumangga sowang-sowangan.
4. Budhal kang para prajurit,
kang mantuk marang kadhaton,
miwah ingkang sedya nusul,
mring Amarga nagri,
narpati ing Awangga,
gagancangan lampahira.
5. Nenggih gantya kang winarni,
Yudhisthira sang akatong,
ingkang lagya ing tyas wayang-wayung,

musnane kang rayi,
satriya Dananjaya,
dadya sungkawaning driya.

6. Ing mangke lagya siniwi,
aneng sajroning kadhaton,
sapa ingkang sumewa ing ngayun,
Rahaden Bayu siwi,
sang Arya Werkudara,
lawan Nangkula Sadewa.
7. Sang nata ngandika aris,
paran wekasing lalakon,
musnanira arinta si bagus,
Sena matur aris,
kakang prabu aywa sak,
musnane si Dananjaya.
8. Karsane dewa linuwih,
darma ginawe lalakon,
lawas-lawas besuk mesthi timbul,
ngandika sang aji,
heh yayi Wrekudara,
aja mangkono tyasira.
9. Iku narima tan becik,
basa takdir nora weroh,
sok weruha pasthi wus kabanjur,
dhuh den padha eling,
prasetyaning Pandhawa,
lara pati datan pisah.
10. Wrekudara nabda wengis,
ya bener nanging kajeron,
ngajab pati iku dudu laku,
tan susah pinikir,
besuk pasthi kalakyan,
urip wekasan pralaya.

11. Pralaya tegese pati,
pati titining lalakon,
laku iku tah kena cinampur,
isining dumadi,
nistha madya utama,
nanging keh kaliru patrap.
12. Prayōga den irih-irih,
rinuruh supaya weroh,
runtut ing reh rarasing panggayuh,
yuwananireng pati,
tita tataning patrap,
trapsilaning jalma tata.
13. Mung iku sedheng pinikir,
amrih luhuring panggayoh,
eca tyase Yudhisthira prabu,
myarsa turing ari,
lipur ing kasungkawan,
lagyeca imbal wacana.
14. Praptaning Wara Srikandhi,
anjrit karuna dumrojog,
anungkemi padaning sang prabu,
kagyat sri bupati,
tambah ciptaning driya,
mangkana putra Cempala.
15. Sesambate melas asih,
dhuh kang prabu kadangingong,
beja temen iki raganingsun,
tininggal ing laki,
lawas saya druhaka,
kawula atur uninga.
16. Arinta Banoncinawi,
ing ratri musneng paturon,
nora nana purwane kang weruh,

wau sri bupati,
cetha ing pamiyarsa,
aturing putri Cempala.

17. Gumuling tiba ing siti,
kantaka sigra rinoyom,
para kadang senggrak-senggruk,
raden Jodhipati,
njegreg datan ngandika,
mangkana sang Padmanaba.
18. Mireng tangise para ri,
gupuh denira dumrojog,
gya angrangkul Yudhisthira prabu,
kagyat sri bupati,
mulat sang Padmanaba,
enggal denny rerangkalan.
19. Wus lenggah wong agung kalih,
Padmanaba ngandika lon,
paran darunane yayi prabu,
kantaka tan eling,
matur Sri Yudhisthira,
ndangua rayi paduka.
20. Lah puniku pun Srikandhi,
kang karya ing tyas wirangrong,
Padmanaba ngandika arum,
heh ta yayi dewi,
matura kang pratela,
nembah sang putri Cempala.
21. Kakang prabu wingi ratri,
arinira sang lir sinom,
musna saking pagulinganipun,
tan ana kang uning,
kang dadya purwanira,
menggah sang Narpati Kresna.

22. Wasana ngandika aris,
yayi Yudhisthira katong,
paran karsa prayoganing rembag,
sang Darmaputra ji,
kendel datan ngandika,
sigra Arya Wrekudara.
23. Anambungi sabda wengis,
heh Jlitheng aja guguyon,
yen ing sawusira minangka suh,
pagene tetaring,
yen arinta Pamenang,
nora bisa ngamandaka.
24. Cekakan bae kang pasthi,
kapriye ciptamu kono,
bubar sirnane adhimu si bagus,
urip miwah mati,
lawan myang warasira,
aja kasuwen jarwaa.
25. Sri Kresna gumujeng ririh,
he he wakingsun katanggor,
landa dhidhong tan wanuh lor kidul,
Sena nabda wengis,
heh apa wuwusira,
kakang becik kang prasaja.
26. Wasana bibisik ririh,
Wrekudara wus mangretos,
Padmanaba angandika arum,
dhuh ta yayi aji,
kantuna karaharjan,
kula ingkang ngulatana.
27. Lan arinta Jodhipati,
miwah kaki prabu anom,
Gathutkaca dimene tut pungkur,

kang Yudhisthira alon ing aturira,
kakang sakarsa paduka.

28. Wakingsun tan nyulayani,
Kresna mijil sing kadhaton,
Arya Sena saputra tut pungkur,
Prabu Harimurti,
aris dennyng ngandika,
heh yayi mas Wrekudara.
29. Aja pisah lawan mami,
miwah kaki prabu anom,
aja kari lumaku ing dhuwur,
yayi Jodhipati,
sira kang metu dharat,
den awas ywa megat marga.

XV. MEGATRUH (45)

1. Sang Aprabu Padmanaba ndedel sampun,
lan satriya Pringadani,
lir thathit abra kalimput,
lampahe wong agung kalih,
sakedhap wus datan katon.
2. Arya Wrekudara ingkang maksih kanton,
lampahe andeder margi,
ingiring sindhung lan lesus,
prahara gora gumerit,
akeh mandira ingkang sol.
3. Para jalma ingkang lumaku kapranggul,
sumimpang lumayu tebih,
ajrih kataman ing lesus,
keh sato-sato kuwalik,
salang tunjang kabrongot.
4. Duk semana lampahe sang Sena laju,
nuju madyaning wanadri,
sarira karaos lesu,
lir kena guna piranti,
tan ana barang kang katon.
5. Tan wuninga ing purwanira lor kidul,
wetan kulon tan udani,
ing ngandhap miwah ing dhuwur,
tan wrin soroting Hyang Rawi,
Wrekudara muring batos.

6. Nyipta lamun prapteng janjinira lampus,
wong agung ing Jodhipati,
dadya nggraita ing kalbu,
enggal denny pasang putih,
tinonton ingkang tumonton.
7. Kawusanan ingkang cinetha ing kalbu,
byar katon isining bumi,
baskara cetha kadulu,
sang Sena kagyat tumolih,
ana reksasa mbregogok.
8. Wrekudara mangkana osiking kalbu,
baya ingkang karya iki,
kandheging gonsun lumaku,
wau ta sang Yaksapati,
wus tamat denny tumonton.
9. Cetha kabeh welinging ari sang wiku,
wanda-wandaning pangeksi,
nanging sumelang ing kalbu,
sang Sena kadi wus uning,
mring warnaning sang akatong.
10. Kumbakarna dadya nyaket denny lungguh,
sarwi amicara manis,
satriya sapa aranmu,
kang sira dunungi ngendi,
Bratasena gantya takon.
11. Heh ta buta murang krama sapa ranmu,
mungguh dhedhangkamu ngendi,
Kumbakarna duk angrungu,
wuwuse dyan Jodhipati,
padoning lathi kumejot.
12. Lir tinapok mukanira latu-latu,
enggal denny nabda bengis,

Kumbakarna araningsun,
balik sira ranmu anjing,
Wrekudara ngandika lon.

13. Heh reksasa yen tambah mring jenengingsun,
satriya ing Jodhipati,
Bratasena iya ingsun,
iya ri sang Bayu siwi,
Wrekudara iya ingong.
14. Kang nyatriya aneng Amarta praja gung,
ngerehken para narpati,
tau munah satru mungsuh,
nadyan wong kaya sireku,
tan rekasa ing prang pupoh.
15. Kumbakarna eca tyase duk angrungu,
nyata welinge kang rayi,
Wibisana sang awiku,
nanging arsa pinet jurit,
karya jalaraning batos.
16. Kumbakarna dadya angandika asru,
heh satriya Jodhipati,
becik balia lakumu,
yen mbacut pesthine mati,
lebur dening tanganingong.
17. Wrekudara srenging duka kat gada wus,
prayitna sang yaksa aji,
Wrekudara gya tinubruk,
malumpat milar wus tebih,
riwut ing aprang kawuron.
18. Samya trampil tan ana ingkang kalimput,
mangkana sang yaksa pati,
sadangune aprang riwut,
enget welinge kang rayi,
winawas wekasing batos.

19. Sirna kabeh rasaning jagad kawengku,
ing Kumbakarna narpati,
labete satriya punjul,
wruh gelar giliring jurit,
sigra api-api repot.
20. Wrekudara mulat tingkahnya sang prabu,
suda tarampiling jurit,
gya cinandhak binanting wus,
sirna yitmaning yaksa ji,
Kumbakarna manuksmeng don.
21. Arya Sena njenger wagugen ing kalbu
musnaning Kumbakarna ji,
sinengguh cidra ing pupuh,
sigra na swara dumeling,
raden wakingsun nuksmeng don.
22. Satuhune wus karsane bathara gung,
dumunung wentismu kering,
lawan raden yen ing besuk,
prang Bratayuda wak mami,
mitulungi ing palugon.
23. Menek raden nadhahi gegaman punjul,
myang konta warastra luwih,
alangenana raganingsun,
ing mengko reh durung wanci,
tutugena mring lelakon.
24. Sumusula mring Harimurti sang prabu,
manuta sareh ing dhiri,
aja sulaya rembug,
satemene Harimurti,
Bathara Suman kang manggon.
25. Yekti iku panuksmaning buwana gung,
punjul sapatuhaning ngurip,
marma den manut pituduh,

mangkana sang Bayu siwi,
ayem ing tyas karahayon.

26. Arya Sena laju denira lumaku,
sirna bebayaning galih,
wruh gampang pakewuhipun,
ing laku wus saya tebih,
nenggih gantya winiraos.
27. Inggang lagya ngaso neng madyeng wana gung,
Dananjaya lan kang rayi,
Sumbadra kusumaningrum,
kagyat praptening raka ji,
saking gegana dumrojog.
28. Dyan Arjuna ngraup padaning sang prabu,
Sumbadra alara nangis,
kakang tan nyana wakingsun,
katemu lan sira iki,
Harimurti ngandika lon.
29. Heh kaipe padha becik satekamu,
heh Sumbadra aja nangis,
reh wus katemu rahayu,
driyanta pupusen yayi,
prayoga murweng lalakon.
30. Dyan Arjuna manembah nuwun turipun,
sang nata ngandika malih,
heh kaipe payo methuk,
kakangira Jodhipati,
dyan sadaya pareng bodhol.
31. Aneng marga pinapag ing sindhung lesus,
prayitna Sri Harimurti,
amatak panawar lesus,
byar sang nata wus miyarsi,
Wrekudara gya dumrojog.



32. Wuninga yen kang rayi neng ngarsanipun,
inggal cinandhak madyeki,
den undah-undha mandhuwur,
myang binekta mobat-mabit,
wus adatira mangkono.
33. Cumalorot winangsulken unggyanipun,
wus samya atata linggih,
Wrekudara ngandika sru,
heh Janaka padha becik,
satekamu sangka ngloyong.
34. Dananjaya manembah turira arum,
pangestu wan kapundhi,
dereng dugi imbal wuwus,
praptane sang adipati,
ing Awangga wus dumrojog.
35. Lenggah aneng ngarsane sang maha prabu,
Padmanaba ngandika ris,
yayi bagya satekamu,
umatur sang adipati,
inggih sami karahayon.
36. Dananjaya mulat kang raka sumusul,
enggal denira bibisik,
purwa puwaraning laku,
mring kang raka Jodhipati,
Wrekudara wus mangretos.
37. Prayitneng tyas mring atur kang lagya rawuh,
ngandika sang Harimurti,
heh yayi praptamu iku,
semu gita ing pangeksi,
apa purwaning lalakon.
38. Sang Dipati Karna alon aturipun,
wuningana kakang aji,
pun Janaka cidreng laku,

angrisak Kurawa baris,
kula ucali kesah los.

39. Pan ing mangke dados bubujengan ulun,
Wrekudara nambung angling,
kakang prakaraning rembug,
wakingsun wajib mbeneri,
Suryaputra ngandika lon.
40. Iya yayi kapriye sun arsa krungu,
Bratasena nabda malih,
wong tuwa wajib nyulihi,
kang bobot marang bot repot.
41. Apa ingkang dadi karepmu sun turut,
sagendhingmu sun ladeni,
Karna madeg ngandika sru,
heh Wrekudara si-anjing,
ngumbar kauwanen maringong.
42. Srenging duka musthi sanjata kunta wus,
prayitna sang Endra siwi,
musthi bajra wus tumempuh,
kabuncang sang adipati,
kombul ing akasa golong.
43. Sawadyane wus katup ing maruta gung,
mangkana sri narapati,
laju kondur mring kadhaton,
lan sagung ing para ari,
nenggih gantya kacariyos.
44. Inggang lagya ing driya samya mangun kung,
Dyan Samba lawan ki patih,
Udawa kang munggweng ngayun,
kalawan Arya Setyaki,
aneng kering datan adoh.

45. Tansah denny manganam-anam ing kalbu,
den myarsa among praja di,
karya sukaning praja gung,
tan pegat ing siyang ratri,
anjurudemung ponang wong.

XVI. JURUDEMUNG (29)

1. Mangkana rahaden Samba,
lenggah munggend siti luhur,
alelamak kasur babut,
ngandika Rahadyan Samba,
patih iki raganingsun,
manawa lagya cinoba,
mring jeng rama sang prabu.
2. Pangrehingsun marang wadya,
ki patih alon umatur,
dhuh gustiku wong abagus,
ing mangke ramanta nata,
yuswanya wus dungkap sepuh,
mangka raden langkung awrat,
mrih raharjaning praja gung.
3. Paduka reh maksih mudha,
manawa ing tyas kalimput,
heh rubedaning tumuwuh,
tan dumunung prenahira,
ana agal ana alus,
myang nistha madya utama,
paran ing karsa wong bagus.
4. Rahaden lon angandika,
patih bodho raganingsun,
karsane jeng rama prabu,
ingsun iki durung cetha,
ki patih alon umatur,
dhuh raden mugil lepata,
angupata badan ulun.

5. Gusti ing sayektinira,
karsane ramanta prabu,
paduka kinen sumusul,
pakaryane sri narendra,
dennya mengkoni wadya gung,
dumadi tan kaelangan,
tuladan ingkang pinunjul.

6. Supadi tembe ywa siwah,
ing sareh ramanta prabu,
yen maksih ana kang kusut,
rahaden kang wajib mberat,
mila ing mangke tur ulun,
raden mugi ngawasena,
pangadilaning praja gung.

7. Awit gusti yen ing praja,
ewah pangadilani pun,
kawur tyase kang winengku,
sisip lakuning pakaryan,
punika kembang rusuh,
dumadi prajane nistha,
dhuh den prayitna ing semu.

8. Dumadak Rahaden Samba,
ki patih gupuh rinangkul,
dhuh bapa wong tuwaningsun,
mugyantuk pamujinira,
mbok manawa raganingsun,
antuk pangestuning dewa,
ngayomi tyasing tumuwuh.

9. Ki patih nambungi sabda,
adhuh gustiku wong bagus,
angel tyang jumeneng ratu,
nora kena darbe karsa,
kedah anut ing kaprabun,

nanging gusti dipun awas,
mring tyase wadyanta sagung.

10. Kang kapatah angingerna,
kautamaning praja gung,
den cetha semuning laku,
manawa ana kang cidra,
sisip pangrehing wadya gung,
punika binakuhana,
ywa nglantur tindak tan jujur.
11. Adate jalma punika,
lamun kapitayeng ratu,
keh kang gingsir imanira,
lali purwaning kang karya,
sring anyingkur ratunipun,
sasabe karya utama,
punika aywa kalimput.
12. Jamake pinitaya,
sinung drajat sinung wahyu,
den bisa nandukken laku,
ing wajibe kang utama,
dumadya turun-tumurun,
sinebtu jalma rumeksa,
marang kawiryaning ratu.
13. Adate jalma rumeksa,
lawas-lawas iku sinung,
milu darbe kang tinunggu,
manawa jalma angrusak,
yekti saterahe kuwur,
kena sikuning jawata,
wit lali purwaning tuwuh.
14. Marma gusti ywa sembrana,
amengku tyasing wadya gung,
kang pinitaya pinatuh,

prayogane kinawruhan,
yen ana kang salah laku,
den inggal pinulihena,
ngemana mring punggawa gung.

15. Yen wadya kang pinitaya,
wus utama tindakipun,
dhuh gusti paringa liru,
karya sukaning tyasira,
dimene saya tuwajuh,
tumindaking kapitayan,
dumadi prajane luhur.
16. Gusti yen durung wuninga,
kapitayan ala ayu,
wawasen sosoranipun,
dennya tumindak pakaryan,
kendho lawan kencengipun,
suka tanapi ngresula,
dhuh punika tandhanipun.
17. Lamun kenceng miwah suka,
iku prayoganing laku,
tandha sih mring kancanipun.
pakaryane lumaksana,
yen sosorana malincur,
pakaryane nora tata,
punika aywa katungkul.
18. Pasthi parentahe murang,
krama marang kancanipun,
adhuh gusti amung iku,
ugere dadya bandara,
kedah bisa mbingkas nambung,
ing ala ayuning wadya,
ywa kanjingan setan gundhul.
19. Tegese setan punika,
atur ingkang tanpa urus,

- dumunung anambung laku,
adate jalma mangkana,
mung mikir pakolihipun,
ing bandaranira priyangga,
dhuh sinabarna rumuhun.
20. Aywa age linaksanan,
ginaliha kang pakantuk,
lan kramanireng braja gung,
dadi tan kalebon setan,
nanging gusti ywa kalimput,
utamaning naranata,
lila santoseng pamengku.
21. Dadya sinebut narendra,
binathara sudibya nung,
mangkana sang bagus,
mireng ature Udawa,
kumembeng dres wetuning luh,
karaos rungsiting tingkah,
dumadya ngandika arum.
22. Iya patih raganingwang,
yekti mañut ing pituduh,
reh maksih mudha wakingsun,
manawa ana kang kurang,
prayoganing tindak-tanduk,
bapa aja wedi sira,
pituduh mring raganingsun.
23. Adangu imbal wacana,
kasaru dhuteng kadhaton,
sumusul mring siti luhur,
gupuh lon ing aturira,
adhuh gustiku wong bagus,
prapta kawula dinuta,
prameswari ing kadhatun.

24. Paring wuningan rahadyan,
prameswari duk sumusul,
mring sanggar pamujan luhur,
unggyaning ramanta nata,
nanging sayektine suwung,
amung kantun patilasan,
prameswari tyas kumepyur.
25. Wusana manggih serat,
ramanta aparing weruh,
jengkar saking jro kadhatun,
tinjo mring nagri Ngamarta,
aduh gustiku wong bagus,
paduka kinon samekta,
marang Amarta sumusul.
26. Kumepyur Rahaden Samba,
dadya sru denny dhadhawuh,
heh bocah mantri pangayun,
samektaa dipun enggal,
gupuh wadya kang dhinawuh,
tan dangu pan wus samekta,
punggawa miwah kaprabun.
27. Dyan Samba noli ngandika,
paman kula asung weruh,
rakanta sang maha prabu,
tinjo mring nagri Ngamarta,
kula paman arsa nusul,
paduka rumekseng praja,
pun patih sakancanipun.
28. Wresniwira tur sandika,
Dyan Samba tumindak gupuh,
nitih kuda ginarubyug,
sagung ing punggawanira,
upacaraning kaprabun,

dumulur samarga-marga,
gegancangan lampahipun.

29. Sigegen ing lampahira,
nenggih gantya kang winuwus,
kang lagya siniweng wadya,
neng madyaning siti bentar,
Suyudana sang aprabu,
lan pandhita Sukalima,
samy andurma ing semu.

XVII. DURMA (50)

1. Lon ngandika maha prabu Duryudana,
heh bapa maha resi,
paran wartanira,
kakang Dipati Karna,
kang sun tuduh angulati,
Makutharama,
ageme Dasarati.
2. Dhayang Durna mangrepa ing aturira,
dhuh gustiku sang aji,
mangsa mindho karya,
raka tuwan Ngawangga,
ing laku pasthi nguwisi,
yen ing pawarta,
ulun dereng miyarsi.
3. Dhuh dewaji sampun sumelang ing driya,
prakawis makutha ji,
narpati Ngawangga,
watak bandha kaduga,
manawi dereng kajodhi,
mangsa mundura,
ingayahan narpati.
4. Lagya eca denira imbal wacana,
horeg geger ing jawi
keh wong salang tunjang,
tinarka parangmuka,
praptaning rekyana patih,
kadang Kurawa,
ngirit punggawa mantri.

5. Samya mapan ing prenahira priyangga,
kadya angkatnya nguni,
wau kyana patya,
laju munggah mangarsa,
dumrojog prapteng sitinggil,
ngarseng narendra,
saewi alara nangis.
6. Anungkemi padane Sri Duryudana,
gumyur tyas narapati,
tambah ciptanira,
narka yen ingkang raka,
Narpati Karna ngemasi,
madyaning rana,
lon ngandika sang rayi.
7. Heh ta paman matura ingkang acetha,
aja pijer anangis,
paran lakunira,
aja ta kaya bocah,
manembah rekyana patih,
wungua lenggah,
sarwi amatur aris.
8. Dhuh pukulun kawula ngaturken tiwas,
lampah tan antuk kardi,
mangkana sang nata,
alon dennyng ngandika,
paran darunaning runtik,
sira matura,
nembah rekyana patih.
9. Duk lumampah prapteng wukir Duryapura,
wonten beboyeng margi,
awarni garudha,
naga miwah dipangga,
samyang bisa tata jalmi,

ulunanira,
wujud palwaga putih.

10. Karyanira rumeksa marang pandhita,
kang gadhah makutha ji,
punika nanggulang,
lampahe raka tuwan,
ngantos anemahi jurit,
rame sadina,
sareng meh prapteng ratri.
11. Raka tuwan ngetog kurdha musthi kunta,
Wijayadanu luwih,
tumempuh garudha,
nanging datan tamama,
malah sirna madyeng jurit,
dadya rakanta,
giyuh ing tyas tan sipi.
12. Temah rerep neng wukir Duryapura,
rakanta mangun ening,
lamine sawarsa,
keh para pinandhita,
kang samya sarju manggihi,
nadyan jawata,
saben ratri nedhaki.
13. Lami-lami nuju ing sawiji dina,
wonten kang nrajang baris,
nenggih pun Janaka,
lajeng pinapag yuda,
mring rakanta adipati,
liru prabawa,
kongsi meh prapteng ratri.
14. Duk dinangu sangkane pun Dananjaya,
dumadak tunggil kardi,
ngulati makutha,

ageming Prabu Rama,
nanging samangke wus kenging,
pun Dananjaya,
lolos tan ana uning.

15. Mila wimbuh kurdhane raka paduka,
ing mangke wus nututi,
lan sawadyanira,
sedya mangrusak pura,
jumujuk Ngamarta nagri,
milamba prapti,
amung atur udani.
16. Sri narendra lir tinapuk mukanira,
mirengken turing patih,
jaja bang mawinga,
kumukus netranira,
kumejot padoning lathi,
sarira mekar,
kadi prabata siwi.
17. Pranyata panuksmeng danawa raja,
Duryudana narpati,
mangkana wuninga,
pandhita Sukalima,
mring dukane sri bupati,
enggal mangrepa,
dhuh gustiku sang raji.
18. Aywa ngumbar ing driya angkara murka,
durung mangsane mangkin,
besuk Bratayuda,
sapa kang nimbangana,
mring kadibyanta sang aji,
reh durung mangsa,
aywa ginege gusti.
19. Ngentosana ing esuk tibaning mangsa,
mangkana sri bupati,

lilih dukanira,
dadya lon angandika,
paran bapa maka resi
wangsiting dewa,
wecaning makutha ji.

20. Dhanyang Durna tur tembunge manuhara,
dhuh ngantosana gusti,
praptaning rakanta,
narpati ing Awangga,
yen kenging sangkaning aris,
Makutharama,
dening rakanta aji.
21. Lamun pinundhut meksa tan ngaturena,
iku sedheng pinikir,
dhuh gusti engeta,
Pandhawa maksih kadang,
prayogane pinet becik,
mangsa gagala,
yening ginawe becik.
22. Sri narendra sirna kabeh dukanira,
wignyane sang maharsi,
mangkana lagyeca,
ginem datan antara,
dhawahe sang adipati,
aking gegana,
neng pangkon sri bupati.
23. Sapandurat tan wungu maksih kantaka,
kurda sri narapati,
wus karoseng driya,
enget Narpati Karna,
wungu ing ngarsa turnya ris,
dhuh yayi nata,
ngaturken tiwas mami.

24. Pun Janaka tuhu tan kena sinanak,
ulun lagyeca linggih,
sarwi guguneman,
lan yayi ing Pamenarig,
kula binuncang ing angin,
mila wakingwang,
tumiba ngarseng aji.
25. Sru ngandika Narapati Duryudana,
den enggal bapa patih,
sira rumantia,
kapraboning ayuda,
kadang Kurawa ywa kari,
suwawi kakang,
bidhala ing samangkin.
26. Sun pundhute mring yayi prabu Ngamarta,
prakawis makutha ji,
Karna tur sandika,
pra samya bebudhalan,
kebut ing Astina nagri,
gora wurahan,
lampahira ing margi.
27. Lir samodra wutah untaping Kurawa,
saking gung ingkang baris,
tuhu tanpa timbang,
nagara ing Astina,
punjul samaning narpati,
laju lampahnya,
nenggih gantya winarni.
28. Ing Amarta maha Prabu Yudhisthira,
kang lagya meng ing galih,
kang piniji ngarsa,
kang yayi Sawojajar,
miwah sang Wara Srikandhi,

nganthi kang putra,
raden ing Plangkawati.

29. Tan adangu kasaru ing rawuhira,
wong agung Harimurti,
lan Dyan Wrekudara,
Janaka myang Sumbadfa,
gupuh mapag sri bupati,
gya rerangkalan,
Dananjaya mangarsi.
30. Anungkemi padaning raka narendra,
sarwi alara nangis,
dhuh kadangku tuwa,
mugi paring aksama,
mring laku kang murang krami,
Sri Darma putra,
pangandikanira ris.
31. Heh Janaka aja sumelang tyasira,
ing reh padha basuki,
wis sira tangis,
nembah Raden Janaka,
lenggah neng wuri narpati,
wusnya satata,
Darma putra turnya ris.
32. Kakang prabu sanget ing panuwun kawula,
praptane pun Premadi,
tan liyan padukendra,
ingkang karya waluya,
wus prasasat paring urip,
kadang Pandhawa,
ngandika Harimurti.
33. Yayi prabu kula punika mung darma,
karsane bathara di,
ingkang mulyakena,

sirnaning pun Janaka,
ayem kang samya miyarsi,
sarawuhira,
wong agung Harimurti.

34. Lagya eca denira imbal wacana,
horeg geger ing jawi,
Patih Tambakgangga,
wus utusan mariksa,
duta panuksma lumaris,
agegancangan,
prapteng jabaning nagri.
35. Wuninga yen ana parangmuka prapta,
enggal atur udani,
ri sang mantri mukya,
marek ngarsa tur sembah,
pukulun atur udani,
wonten barisan,
sakapraboning jurit.
36. Langkung ageng parangmuka ingkang prapta,
lampahe murang krami,
cetha pamiyarsa,
sang Prabu Padmanaba,
enggal denny paring wangsit,
mring Dananjaya,
gupuh medal ing jawi.
37. Wrekudara Bimanyu myang Gathutkaca,
gupuh denny mututi,
Prabu Padmanaba,
njampangi lampahira,
sapraptane jawi puri,
awas tumingal,
baris Ngastina nagri.
38. Emeng tyase maha Prabu Padmanaba,
nggarjita jroning batin,

sru denny ngandika,
heh sagung putraningwang,
enggal papagna ing jurit,
ywa malbeng kutha,
karya rusaking angru.

39. Nanging aja rah patining Kurawa,
durung mangsane iki,
nanging kapokena,
prayitna Dyan Guritna,
ndedel marang ngawiyati,
nrajang barisan,
geger para prajurit.
40. Sinamberan mring Ariya Gathutkaca,
rusak gelaring jurit,
Kurawa tingkahnya,
bingung samya kantaka,
kang minangka senapati,
Narpati Karna,
awas denny miyarsi.
41. Narik kunta wus pinusthi munggend ngarss,
kagyat Sang Endra siwi,
wuninga kang raka,
musthi sanjata kunta,
enget wecanira nguni,
duk lairira,
wong agung Pringgadani.
42. Pasthi sirna dening hru sanjata kunta,
enggal denny mangarsi,
sarwa musthi bajra,
tumampeg rananggana,
kabuncang sang adipati,
kombul ngawiyat,
mangkana duk miyarsi.

43. Kurdha mangsah Narapati Duryudana,
madeg neng rata manik,
sarwi ngundha gada,
gupuh Dyan Werkudara,
mapag yudaning raka ji,
ayun-ayunan,
ngandika Kurupati.
44. Wrekudara ulungna Makutharama,
iku kagungan mami,
Raden Wrekudara,
enggal angkat gada,
wahananya sri bupati,
rata kancana,
ginada wor ing siti.
45. Duryudana tibeng siti gya cinandhak,
mring raden Jodhipati,
wus ingundha-undha,
sarwi sru angandika,
heh Kurupati ywa lali,
sira lan ingwang,
maksih kadang sayekti.
46. Ywa kabanjur tingkahmu kang murang krama,
elinga Kurupati,
sira trahing mulya,
pagene laku cidra,
ciptamu kaworan belis,
heh Duryudana,
karema marang becik.
47. Aja nyimpang pituduhe ramanira,
nadyan ika si kaki,
Resi Abiyasa,
kang maksih amratapa,
susah pratingkahmu iki,

heh marenana,
dimene dadi becik.

48. Aja darung ambarung lir trahing kumpra,
sang nata nabda bengis,
heh ta Wrekudara,
ingsun nuli tibakna,
tan sedya mundur wak mami,
Dyan Werkudara,
enget wecaning nguni.
49. Wus jinangka ing paprang Bratayuda,
sirnaning Kurupati,
gya amusti bajra,
tumampeg Duryudana,
kabuncang marang wiyati,
sawadyanira,
sirna tan ana kari.
50. Wrekudara gya wangsul mring ngarsanira,
wong agung Dwarawati,
myang Raden Janaka,
Bimanyu Gathutkaca,
samyā marèg neng ngarsi,
Raden Janaka,
umatur sabda manis.

XVIII. DHANDHANGGULA

1. Kakang prabu kawula tur warti,
miwah kakang Arya Wrekudara,
lawan kulup sakarone,
menggah ing lampah ulun,
angulati makutha aji,
Prabu Ramawijaya,
purwaning prang pupuh,
lan kadang Dipati Karna,
prapteng mangke kakang Prabu Kurupati,
nemahi pancakara.
2. Marmanira prasaja wak mami,
mugi kakang prabu njurungana,
Makutharama warahe,
kajibah badan ulun,
aminihi mulyaning nagri,
mangun arjaning tindak,
winahya amayu,
ngilangken mala weh mulya,
amiluta lelabet labuhan becik,
mbengkas sagung bebaya.
3. Reh paduka ingkang nembadani,
mugi sampun kongsi katanggelan,
turuta tunggil panggawe,
ywa kuwur sapandhuwur,
winor ing tyas wahyuning dhiri,
Sang Prabu Padmanaba,
awacana arum,
yayi mas ingsun tan selak,

mring kajadmu pun kakang uga ngajadi,
dadi dayaning drajad.

4. Dananjaya nembah matur malih,
mring kang raka Arya Wrekudara,
kakang paduka tan pae,
kedah nut reh rahayu,
saking sampun rumaos mami,
kadanan marang tindak,
paduka pukulun,
mila sampun ngantos pisah,
sakarenteging laku lakuning dhiri,
saterah sanityasa.
5. Wuningaa wecaning dumadi,
srana besuk aprang Bratayuda,
sida ing kono pamore,
rewa-rewane runtut,
padukestu lan jasat mami,
nggarjita Arya Sena,
awacana arum,
heh Janaka sun tarima,
pamujimu kang mumurung mring kapatin,
pati papaning tata.
6. Iya yayi sun uga marsudi,
ngular-ular luhuring laladan,
luluda rahayu kabeh,
bisaa sabiyantu,
sira yayi kalawan mami,
mamangun kayuwanan,
yuwananing hayu,
manembah Raden Janaka,
inggih kakang mugi lestari basuki,
mit reh Bathara Rama.
7. Lan karone anakingsun kaki,
sira yekti padha kabubuhan,

bot repoting praja kabeh,
bisaa mbingkas nambung,
ing salaku-lakuning nagri,
sira minangka wisa,
amisani mungsuh,
nanging ywa dhompo ing patrap,
iku wisa ana dununge pribadi,
kulup kudu prayitna.

8. Wisaning badan wisaning nagri,
yekti padha datanan kena beda,
yen luput rehing prajane,
yekti jasate lebur,
yen utama mulya kang nagri,
jasat milu utama,
utameng panggayuh,
giyuh sakehing durmala,
mala sirna kena biningkas basuki,
basuki basasuka.
9. Sukaning lyan ingkang anjalari,
rinuruh mring kawahyu yuwana,
badan tumus ing prajane,
praja lir miris takut,
takut mulat arjaning bumi,
mitra wong sawandawa,
wuwuh-wuwuh suyut,
suyut trus nora lamisan,
nanging kulup aja kadung ing panampi,
teguhna prapteng lima.
10. Lawan maneh karone nak mami,
sira aja padha lari mulya,
ing praja kadadeyane,
tumrap turun tumurun,
saturunmu mangun kamuktin,
nanging sireku nyawa,

pasthi dadi tawur,
wus karsanira Hyang Wekas,
sira kulup karone tiwas ing jurit,
tumbaling praja wirya.

11. Besuk ana aprang gedhe kaki,
wus jinangka aran Bratayuda,
den prayitna karone ngger,
sira nemah ing lampus,
duk wuninga satriya kalih,
wecaning Bratayuda,
gupuh sami ngraup,
ing pada Sang Dananjaya,
Gathutkaca Bimanyu samya anangis,
tambah ingkang cinipta.
12. Dananjaya angandika aris,
wus menenga kulup ywa sungkawa,
amung ta den becik bae,
mring lakuning tumuwuh,
den kacathet utameng dhiri,
den kamot driyanira,
ing jagad sadarum,
aja mikir patinira,
basa pati iku patitising ati,
putus ing lelabuhan.
13. Ywa rinasa was pasthining dhiri,
urip iku wekasane pejah,
urip urip salawase,
yektine jisim iku,
mulih marang asaling dhiri,
dahana mring dahana,
kang banyu mring banyu,
angin mring angin gyanira,
bangsa bumi yekti mulih marang bumi,
iku purwaning gesang.

14. Mung bisaa sira nembadani,
mring asalmu kang patang prakara,
anuta kono wateke,
dahana watakipun,
anyirnakken malaning bumi,
sakehing wisa-wisa,
sirna saking iku,
dene banyu watekira,
karya seneng ayem tyasireng dumadi,
nguripi pala kirna.
15. Thuthukulan tetanduran sami,
suka ayem kataman ing tirta,
dumadi becik thukule,
de angin watakipun,
anyirnakken regeding bumi,
myang lestari tindaknya,
tan kandheg lumintu,
dadya mulih karaharjan,
antarane barang kang tan antuk angin,
tan lestari uripnya.
16. Dene kulup watekireng bumi,
nora cidra ing sabarang karya,
pikiran iku tandhane,
sira wruh wong nenandur,
wiji becik thukule becik,
pasthi iku bantala,
weh saananipun,
upama wiji semangka,
yen tinandur mangsa dadak thukul uwi,
iku tandha tan cidra.
17. Lan amomot sakehing dumadi,
apa kang tan sinangga ing lemah,
tandha amomot wateke,
marmane sira kulup,
aja mesgul prakara pati,

nira ing Bratayuda,
leheng ta nakingsun,
manguna utameng praja,
amikira lestarinireng kamuktin,
iku bae prayoga.

18. Duk miyarsa satriya kekalih,
mring wulange Arya Dananjaya,
kadya sinapon tangise,
ngres ing driya katawur,
dadya wangsul denira linggih,
kalihe pareng nembah,
alon aturipun,
dhuh mugi-mugi angsala,
ing pangestu tuwan saged anglampahi,
wewangunan kamulyan.
19. Kaya mangkana sang Harimurti,
miwah Raden Arya Wrekudara,
wuninga rehing kakaden,
ngres ing driya sinamun,
datan pegat waspa dres mijil,
enggal dennyng ngandika,
wau sang aprabu,
heh kaibe yen wus purna,
payo marek mering rakanta yayi aji,
menek den arsa-arsa.
20. Awas mulat Prabu Harimurti,
lamun ana gegaman kang prapta,
ngarsa munggul kaprabone,
dadya ngandika arum,
heh kaibe tan na prajurit,
nggawa kapraboning prang,
sang Parta duk ndulu,
winawas kang upacara,
datan pandung yen kang putra ingkang prapti,
raden Paranggarudha.


21. Dananjaya dadya matur aris,
kadi-kadi putranta pun Samba,
katara upacarane,
datan antara dangu,
celak mudhun saking turanggi,
lumarap ngaras pada,
ing rama sang prabu,
miwah kang paman kalihnya,
sri narendra wasana ngandika aris,
kulup padha raharja.
22. Sira lawan kakari neng nagri,
Radyan Samba aris aturira,
inggih sami raharjane,
praja miwah wadya gung,
myang santana kawula alit,
datan ana kang kurang,
pangestu pukulun,
wau ta sang Dananjaya,
nembah matur kakang prabu nyuwun idi,
pun Samba dimen sirna.
23. Mring wewarah wecanireng dhiri,
kang supaya ing cipta aywa was,
marang sarehing tindake,
sang nata ngandika rum,
iya yayi sun nembadani,
mangkana Dananjaya,
angandika arum,
heh kulup Samba wruhanta,
sira besuk sayekti milu ndarbeni,
kawiryanireng praja.
24. Dene kulup amenangi,
pakumpulan kang amrih utama,
dadyantuk sawab sira ngger,
besuk turunmu milu,
kawibawan lan terah mami,

nuwun Rahadyan Samba,
manambah tumungkul,
sang Parta malih ngandika,
nanging kulup reh cupet praptamu kaki,
mring pakumpulan mulya.

25. Wus pinasthi badanmu ing benjing,
nora kuwat wruh ing praja mulya,
dumadak cupet tuwuhe,
Dyan Samba lon umatur,
boten ina paman wak mami,
lampah ulun gancangan,
bandhang siyang dalu,
wusana maksih katinggal,
puluh-puluh wis begjane awak mami,
nora kaya jeng paman.
26. Bok iyaa nimbali mring mami,
sadurunge rembag pakumpulan,
dadi tan kari mangkene,
Dyan Samba noli muwus,
hem mangkono si adhi iki,
ayem nora kongkonan,
Bimanyu tumungkul,
rahadyan malih ngandika,
ah adate yayi prabu Pringgadani,
iku sok asung warta.
27. Ya pagene mengko teka lali,
Arya Prabu Anom Gathutkaca,
tumungkul megos linggihe,
Dyan Samba maksih gupyuk,
asta molah ing kanan kering,
adhuh dewa bathara,
e e si Bimanyu,
dene yen ana nayuban,

raganingsun nora tau nyulayani,
anut sakarepira.

28. Turut lurung padha nyangking kopi,
tau banjur menggok pakampungan,
malbeng wisma buh gawene,
suwe tan metu-metu,
metu grobyak pi-api ngising,
napase karenggosan,
ndhelik namur-namur,
tan suwe kang darbe wisma,
metu senthot wakingsun diput gondheli,
wuwuse minta bayar.



29. Katujune sun nggawa rong angriss,
jinaluk mring kang ndarbeni wisma,
Bimanyu tan bali maneh,
wakingsun kari gluyur,
ya pagene mengko si adhi,
tega-tegane ninggal,
marang raganingsun,
Narpati Kresna ngandika,
payo yayi Wrekudara manjing puri,
umarek yayi nata.

30. Rehning wus tan ana kang pinikir,
yayi prabu bok tyase sumelang,
yen kongsi suwe neng kene,
payo padha den lipur,
dimen sirna tyase kang runtik,
tulusa pinituwa,
ing kadang sadarum,
semana sang Padmanaba,
kondur lawan sinatriya Jodhipati,
Dananjaya tut wuntat.
31. Radyan Samba tan dangu mututi,
lawan Prabu Anom Gathutkaca,

kekanthen lawan arine,
nenggih Raden Bimanyu,
laju manjing sajroning puri,
sang Prabu Darmaputra,
mapag siti luhur,
wus tundhuk sarawuhira,
ingaturan kondur marang kenya puri,
unggyaning prameswara.

32. Lenggah samadyaning suyasa di,
kang winerda prabu Padmanaba,
Sri Yudhisthira keringa,
dene kang munggend pungkur,
sinatriya ing Jodhipati,
Ariya Wrekudara,
laju kang sumambung,
anenggih Raden Janaka,
Dyan Nangkula Sadewa kang lunggweng kering,
ing kang sumambung wuntat.
33. Raden Samba lawan ing kang rayi,
Prabu Anom Arya Gathutkaca,
tan adoh jajar lenggahe,
lan ari Dyan Bimanyu,
dene kang neng ngarsa narpati,
prameswari narendra,
Drupadi sang ayu,
ing ayab biyadanira,
kang sumambung kusuma Banoncinawi,
Retna Wara Sumbadra.
34. Tansah caket sang Wara Srikandhi,
wurine mban inya myang parekan,
pepakan wus rawuh kabeh,
mila wadya sawegung,
sarawuhe sang Harimurti,
lan Arya Dananjaya,

lir katiban wahyu,
ing mangke praja Ngamarta,
wimbuh arja wenes kukuwunging nagri,
lir kraton Batharendra.

35. Datan ageng kuthaning narpati,
nanging tuhu musthikaning jagad,
len praja kontap wiryane,
dennya sang maha prabu,
saeka tyas lan para ari,
tuhu Pandhawa lima,
sotyaning tumuwuh,
marma liyaning narendra,
yen sedyarsa tumandhing Yudhistira ji,
tan wurung kasangsara.
36. Mila ing mangke para narpati,
keh padha tur bulu bektinira,
glondhong pangareng-areng,
saking wus miris takut,
ing pawarta ojat ing nagri,
akeh para narendra,
tumandhing kapikut,
wus saeka praya lan sang Harimurti,
jagad tan ana timbang.
37. Pandhawa lima retnaning bumi,
Padmanaba minangka embanan,
Lurah Semar dhedhasare,
marma iku yen kumpul,
datan pae Hyang Bagaspati,
madhangi isining ngrat,
buwana kalimput,
milu duk kalane pisah,
Dananjaya lan kadange catur sami,
praja kadya kantaka.

38. Sabab Pandhawa kadange sami,
upamane talaga Nirmala,
Janaka iku telenge,
milane sang aprabu,
lir punagi praptaning ari,
mamangun kawiryawan,
bujane anayub,
saka kang wadu wandawa,
tumurune len praja bawahe sami,
tanapi jalma desa.
39. Samya jumurung sukaning ati,
nyipta maksih winongwong jawata,
sang Dananjaya mulyane,
milane sang aprabu,
nembadani sukaning dasih,
branarta jroning pura,
winutahken sampun,
minangka beyaning suka,
para jalma kang samya atur pamuji,
tulusing praja tama.
40. Jroning pura Prabu Harimurti,
Prabu Darmaputra sakadange,
tan pegat kasukan rame,
sri rengganing kadhatun,
tinarupan sinung palisir,
ing sutra mancawarna,
sineling pinatut,
saben sakaning taratag,
tinuwuhan sinung wowohan mawarni,
rarywa lit samya suka.
41. Angundhuhi jambu salak manggis,
pelem dhuku pijetan kokosan,
kaleca semangka duren,
sinambi mlayu-mlayu,

swaranira pating jalerit,
mimbuhi senenging tyas,
yen kalaning dalu,
pandene tanpa wilangan,
ing Amarta tan ana raina wengi,
tansah kadi raina.

42. Ngalun-alun myang jabaning nagri,
mantri mukya sabupatinira,
mekajangan sakancane,
akeh lelangenipun,
weneh nganggo badhaya srimpi,
sinelan wewirengan,
ana ingkang nayub,
sinambi lan geherongan,
sugatane boga drawina menuhi,
nutug sukane samya.
43. Giyak-giyak swaranireng jalmi,
kang umiyat mring lelangenira,
binarung ponang sakaten,
ingkang lagya tinabuh,
mila wimbuh sukaning jalmi,
sapraja nora nana,
kang sungkaweng kalbu,
nyiptantuk ramating dewa,
mila kebak manungsa samya ningali,
weneh ana kang tegar.
44. Praboting turangga sarwa peni,
kiprah nyirig ambabar lepiyan,
kang nunggang amengleng-mengleng,
ngliling wayang ranipun,
ngiwa nengen tansah den lirik,
pinekak kang turangga,
malbeng toko mudhun,
tukone mawarna-warna,


ing Amarta samya ambingkas prihatin,
kathah yen winuwusa.

45. Pinemut tan sampat ing panganggit,
nuju ri Buda Manis lek hastha,
Ramelan kala mangsane,
Mandhasiya kang wuku,
Ringkel Uwas ingkang atampi,
Jimawal taunira,
Sancaya kang windu,
sangkala duk tinengeran,
pinetang ing taun candra sangkaleki,
Gunem wong ngesthi jagad.

SERAT PARTAWIGENA (MAKUTHARAMA)

Oleh
K P A Kusumadiningrat

Alih Bahasa
Moeljono Martosoedirdjo
G i n a



Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
Proyek Penerbitan Buku Sastra Indonesia dan Daerah
Jakarta 1984

I. DHANDHANGGULA (47)

၁၅

1. Pelajaran yang tertulis ini ditulis dalam bentuk tembang, disesuaikan dengan ceriteranya. Namanya tembang macapat. Gubahan para wali. Diperuntukkan bagi kerajaan, (dengan) ditambah dan dibentuk. Sebabnya disebut tembang, dengan kata-kata yang sopan, yang berlaku bagi sesama.
2. Para wali bermaksud menandai keadaan yang baik dan yang buruk dari segi silakrama. Sila berarti lungguh (pantas); basa krama berarti kata yang baik. Baik buruk manusia dapat ditarik dari situ. Adapun sebabnya disebut macapat disesuaikan dengan kejadian manusia, yang tidak lain terdiri dari lima perkara.
3. Penguasaan siang dan malam yang sudah dijalani oleh para cendekiawan tidak pernah menyimpang dari perintah-Nya. Karena itu Sang Prabu menjalankan tatakrama. Tegak condongnya kerajaan tiada lain tergantung padanya. Nista, sedang, dan utama

sudah dibentangkan. Manusia berhak memilih jalan hidupnya.

4. Hendaknya selalu memperhatikan nasihat yang baik.
Hendaknya selalu menyimak keterangan orang lain.
(Keterangan itu) ditinjau sampai hakekatnya,
sehingga mengetahui mana yang "ya" dan mana yang "bukan"
(dengan demikian dapat) menarik kesimpulan,
(bahwa) supaya tetap menjadi
manusia yang terkenal pandai,
selalu memusatkan diri pada gagasan mulia,
tidak mengarah hal yang buruk, tetapi selalu mencari kebaikan.
(Jika hal itu dapat difaksanakan) maka kecintaan dan kesenangan didapat.

5. Terbukalah hati pembaca
membantu semua kebijaksanaannya
(dan) berdoa demi kebaikannya.
Tumbuh bersusun-susun,
wibawa budi lestari,
kelangsungan adat,
(yaitu) adat yang baik.
Hayu artinya
selalu diperkokoh oleh budi,
membawa rasa sastra.

6. Kesejahteraan pihak lain yang dipikirkan,
(sedang) perbuatan dusta dan perbuatan celaka
diketahui sampai tuntas.
Tidak sampai salin, mendahului.
Dalam pikiran sudah tidak menyimpang.
Tidak dapat disusupi,
tidak dapat dipengaruhi,
hanya berserah.
Perasaan orang lain menjadi satu dengan perasaan pribadi
seperti dimintai bantuan.

7. Demikianlah orang yang pandai.
Berbeda dengan orang yang banyak suara,
sikapnya selalu congkak.
(orang yang banyak suara) merasa bahwa dirinya
orang yang penting dan baik.
Pada perasaannya
(dirinya) termasuk orang terhormat.
Tutur katanya kasar,
sopan santun tidak dirasakan dan dipikirkan.
Itulah kotoran dunia.
8. (Orang yang demikian itu) ingin selalu lebih dari orang lain.
(ia suka) mengandalkan kekayaannya
untuk mencapai kebaikan bagi dirinya.
Jika dapat dibeli
kemuliaannya dibeli dengan uang.
Jika melihat orang miskin,
sangat jijik.
Itu dalah orang yang terkutuk.
Pada perasaannya di dunia tidak ada maut.
Karena itu (ia bersikap) demikian.
9. Maksudnya hanya dirinya yang baik,
(dan) tidak merasa jika dihidupi
oleh sesama manusia.
Sebaliknya orang yang tergolong luhur
selalu berhati-hati,
setiap langkah dipertimbangkan,
supaya hidupnya selamat.
Sebab sudah disadari
(bahwa) buruk baik manusia tarik-menarik.
(Hal itu) menyebabkan tidak sengsara.
10. Tidak ada lagi kejahatan dan dalam hatinya terasa
(bahwa) jika demikian tidak (mungkin) kemasukan setan
dan dianggap (orang) bercacat
(serta) mengalami kehancuran.
Semua kelakuan sendiri,

(dan) semua perbuatan orang lain dikuasai dan dihayati.
Jika tingkah laku yang tidak jujur dilakukan secara terburu-buru, akibatnya bertentangan dengan budi.
(yaitu) budi kepada kesempurnaan.

